*КРИСТИНЭ РОЙ*

# *ТХЬЭНЧЪЭУ ДУНАИМ*

ТыгъэкъокIыпIэм
къыщцынэфырэ нэфынэ

КРИСТИНЭ РОЙ ТХЬЭНЧЪЭУ ДУНАИМ 44.017

Рой Кристинэ
„Без Бога на свете“ на адыгейском языке.
1996 издательство „Свет на Воскоке“, Корнталь, Германия

Христосыр къызыхъугъэ мафэр къызыщихьащт чэщ дэдэм къуаджэу Рашовэ щыщ мэкъумэщышIэхэр кухэм арысэу къэхалъэм блэкIыхэзэ, бзылъфыгъэ хьэдэ щтыгъэр ягъогу телъэу тыралъэгъуагъ. Ны насыпынчъэм ыIэ дыигъэхэмкIэ ыбгъэу жьы къэзымыщэжьыщтыгъэм рифызылIэщтыгъэ джыри псэ зыпыт шъэожъые цIыкIоу чыхIэн Iужъум кIоцIыщыхьагъэр. Сабыир гъыщтыгъэ. Бзылъфыгъэхэми анэпс къашIокIуагъ. ЛIыхэм хьадэр яку къыралъхьи, къуаджэм ипащэ иунэ ращэлIагъ.

Ащ ишъхьэгъусэ дэжь игъунэгъу шъузыхэр хьакIэу щыIагъэх. Арыти, ахэр охътэ лые тырамыгъашIэу Iофым зэлъыфежьагъэх. Ащыщ бзылъфыгъэ горэм хьэдэ щтыгъэр ытIэкIэу ригъэжьагъ, адрэм ащ ышъхьэ къыIыгъыгъ, а уахътэм къыкIоцI ящэнэрэм ахэмэ остыгъэкIэ къафигъэнэфыщтыгъ. Адрэ къэнагъэхэр кIэлэцIыкIум ыуж итыгъэх.

Ящэнэрэ мафэм бзылъфыгъэ хьадэр агъэIылъыгъ. Зы бзылъфыгъэ лъэрыхь горэ агъэIылъырэм фэдэу пхъэмбаим цIыф купышхо ыуж итэу лъыкIощтыгъ.

Адэ сыда рыкIуагъэр сабыим? Къуаджэм ипащи хьыкумышIэми зэрагъэшIэн алъэкIыгъэп бзылъфыгъэу щымыIэжьыр илIакъокIэ зыщыщыр. Мэкъумэщышlэхэм къэзыIонхэр къахэкIыгъэх мыщ фэдэ гущыIэхэр:

– Тикъуаджэ ащ фэдизэу тегъэпсыхьагъэп. Къин къытфэхъущт шъэожъыер тIыгъыныр.

Ау ащ фэдэ хьарамхэр пкIэнчъэу тещыныхьэщтыгъэхэу къычIэкIыгъ: къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ шъэожъые цIыкIур ежьым ыштагъ. Шъыпкъэ, ежьым къылъфыгъэ ыкъо фэдэу ар ыпIущтыгъэп, ау сыдэу хъуми, ежь ыкIуачIэ къызэрихьэу фэгумэкIыщтыгъ.

МартынкIэ шъэожъыем еджагъэх, ау нахьыбэрэмкIэ къуаджэм ащ зэрэщеджэщтыгъэхэр „Мартын

цIыкIу“. Джаущтэуи а цIэр къытырагъэнагъ: Мартын цIыкIу, Мартын цIыкIу. Зыпари лъымыплъэу Мартын цIыкIу унэм щыцуахъоу исыгъ, гухэкI щэрэмыхъу, хьэжъущырым фэдэу. ТIэкIу зыкъызеIэтым, унэм IэпыIэгъушIоу щыряIэ хъугъэ. Сыд фэдэрэ IофшIэнэу зыфагъазэрэр ащ игуапэу зэшIуихыщтыгъ: пхъэ къэхьыгъэн фэягъэми, къохэм алъыплъэгъэн фэягъэми, е къазщырхэр гъэшхэгъэнхэ фае хъугъэми – зэкIэри дэгъоу ыгъэцакIэщтыгъ. Шъэожъыер дэеу щыIэу пIон плъэкIынэу щытыгъэп: ар ренэу гъэшхэкIыгъэу ыкIи уезэгъынэу фэпагъэу хэтыгъ. Апэрэ уахътэм къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ ар зыдигъэгъолъыгъэ хьаку къогъум щычъыещтыгъ. А унэ дэдэм апэрэ чэщым къыдилъыгъ янэ ихьадэ. Шъэожъыем илъэситф ыныбжь зэхъум, къакъырым чIэлъынэу чIыпIэ къыфагъотыгъ. Илъэсибл фэдизрэ ар ащ щыпсэугъ.

ЕджапIэм ар агъакIощтыгъэп.

– Сыда мощ фэдэ сэдэкъэхэдзым еджапIэр зэрищыкIагъэр? Арара джы Iофыр зынэсыжьыгъэр. Унэгъо IофхэмкIи ар джыри тищыкIагъ, – ариIощтыгъ къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ игъунэгъу шъузхэм.

Мартын цIыкIу ыныбжь илъэс пшIыкIутIум зежьэм, дин пащэм ыдэжь ащагъ – причастие ашIыным пае. Ау дин IофышIэ пащэм ар ыштагъэп, сыда пIомэ еджэкIэ-тхакIэ ащ ышIэщтыгъэп, ары пакIошъ, тхьэлъэIу зэрэпшIыщтыми щыгъозагъэп.

А бжыхьэ дэдэм къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ лIагъэ ыкIи зыдэжь щыпсэущтыгъэ лIым ар Iахъом IэпыIэгъу фэхъунэу ритыгъ.

Iэхъо лIыжъэу Андрей гъэретынчъэ хъугъагъэ ыкIи Iэхъогъум зэрифэшъуашэм тетэу лъыплъэныр ыкIуачIэ къыхьыжьыщтыгъэп, къуаджэу Рашовэ ибылым гъэхъупIэ чыжьэ дэдэу, мэзы шъыпкъэм нэс зыдэщыIагъэр. Арыти, Андрей Iофыр джы хьылъэ къы-

щыхъущтыгъ, илъэс пчъагъэ хъугъагъэ ар къуаджэу Рашовэ иIахъоу Iоф зишIэщтыгъэр ыкIи хьалыгъу бзыгъэнчъэу ар къоджэдэсхэм къамыгъанэмэ ашIоигъуагъ. Джащ пае ащ IэпыIэгъу къыфагъотыгъ. Ащ пае ахэр кIэгъожьыхэу зыпарэкIи къыхэкIыгъэп. Мартын цIыкIу Iахъоу Iоф ышIэным пае къэхъугъэу къыпшIошIыщтыгъ. Къакъырыр арыба ар зыщыпсэущтыгъэр ыкIи былымхэм уакъызэрэдекIокIын фаем дэгъоу щыгъозагъ.

Пчэдыжьым жьэу, къакъырым зэрэчIэтыхэзэ, сырынэ макъэр зэрэзэхахэу былымхэм, шкIэхэм, ары пакIошъ, мэлхэми ащ лъыпытэу ашъхьэ къаIэтыщтыгъ ыкIи лъэныкъо пстэухэмкIи къарыкIыхэти, Мартын цIыкIу ыдэжь къыщызэрэугъоищтыгъэх. Андрей ренэу кIыгъущтыгъэ хьэу Бундаш зыцIэу жъы хъужьыгъагъэм сапэр къыIэтызэ, ыкIэ Iужъу пырацэ ыгъэсысыщтыгъ ыкIи ытхьакIумэхэр гъэIагъэхэу, ынэхэр лыдыхэу, зыфэмыщыIэжьэу къежэщтыгъ къамыщ кIыхьэм икIанч макъэ къэIуным ыкIи Iэхъогъур игъогу техьаным.

Мартын цIыкIурэ Бундашрэ Iэхъогъур дэгъоу зэраIыгъыщтыгъэм ишIуагъэкIэ, илъэс тешIагъэу Андрей лIыжъыр зэлIэм, ежь Мартын цIыкIу Iахъоу агъэнэфагъ.

Къоджэ кIыбым щыIэ къэхалъэм дэжь унэжъ цIыкIу горэ щытыгъ. Ащ зэгорэм щыпсэущтыгъэ лIэгъуабэм ежьыр зылIэкIэ къуаджэм ихасэ уэнэжъ цIыкIур къыретыжьэу осыет къышIыжьыгъагъ. Унэжъ цIыкIум ызынныкъо зэхэожьыгъагъ. Зыпкъ итэу къэнэжьыгъагъэр ащ хэтыгъэ зы унэ цIыкIумрэ шхапIэмрэ – ахэри къызыкIэнэгъагъэхэр иIэпыIэгъу щыгугъырэм фэдэу зызэригъэпкIылIэгъэ бгышъхьэм кIэлъырытыгъэти ары.

Андрей лIыжъыр а унэжъ цIыкIум илъэс пшIыкIухым къыкIоцI щыпсэугъ. Ар зэлIэ нэужым Мартын

цIыкIу ащ щыпсэунэу итIысхьагъ. Унэжъ цIыкIум хэлъыгъэ шъхьаныгъупчъэхэр орзэ IэпIэ IужъухэмкIэ кудэгъагъэх ыкIи джарэущтэуи къанэщтыгъэх илъэс псаум къыкIоцI. Зы тыгъэ нэбзый гори унэжъ цIыкIум ыкIоцI къыипсэщтыгъэп, ау кIымафэрэ орзэ IапIэхэм унэжъ цIыкIур жьыбгъэ чъыIэхэм ащаухъумэщтыгъ. ПIопэн хъумэ, нэфынэр Андрей ищыкIагъэу щытыгъэп! КIымафэрэ ар унэм исэу зыпарэкIи къыхэкIыщтыгъэп: мэфэ псэум зы гъунэгъум ыдэжь икIымэ, адрэм ыдэжь кIозэ къыкIухьэщтыгъ. Гъэмафэрэ мэфэ реным Iоф ышIагъэу, пшъыгъаеу къызыкIожьыкIэ, нахьыбэрэмкIэ ащ лъыпытэу чъыенэу гъолъыжьыщтыгъ.

Апэрэ мафэм Мартын цIыкIу мы унэжъ цIыкIум къызэкIом, ащ ыгу зэрэкIодыгъагъэр къэIотэгъуай. „Мыщ сыщыпсэунэу сыкъэнэпэн шъуIуа?“ – егупшысагъ ар.

Дэпкъыхэр зэрэигъэгъэ ятIэр къятэкъохыжьыгъагъ. ТыдэкIэ уплъагъэми унэ къыпэшIуафэщтыгъэхэр дэпкъ лыцIагъэхэмрэ бэджэхъхэмрэ арых ныIэп. Нафэу шытыгъ илъэс заулэ хъугъэу унэжъ цIыкIур хэти зэрэзэIимыхыгъагъэр.

„Къуаджэм ипащэ икъакъыр сычIэсэу сыщыIэныр мыщ нахьи нахьышIугъ“, – егупшысагъ шъэожъыер. Ыгу кIодыгъапэу, ыIэхэмкIэ ышъхьэ ыубыти, чъэфынчъэу гупшысэзэ такъикъ заулэрэ чIыпIэ имыкIэу щытыгъ. ЕтIанэ пчъэшъхьаIум тетIысхьи, ыгу къызэгоутыным фэдэу къэгъыгъ. Апэрэу тхьамыкIэ цIыкIум ыгукIэ къызэхишIагъ зэризэкъо дэдэр. Мы дунэешхом изакъоу, мы унэжъ цIыкIум фэдэу, изэкъо дэдэу тет! ЗэкIэм шъэожъыем ышъхьагъкIэ бзыу горэм ицIыргъ-щыргъ макъэ къыщыIугъ. Мартын цIыкIу ышъхьэ къызеIэтым, бзыу набгъо горэ ылъэгъугъ. Хэгъэгу чыжьэхэу зыдэбыбыжьыгъагъэхэм къарыкIыжьыгъэхэу пцIашхъохэм яунэ цIыкIу

аукъэбзыжьыщтыгъ гъэмафэм ащ щыпсэунхэм, етIанэ чъыIэ къызыхъукIэ, ащ ибыбыкIынхэшъ, хыхэм апырыбыбыкIыхэзэ, зыщыфэбэ хэгъэгум быбыжьынхэм пае.

„Сэри сиунэ зэIысхын фае“, – къэIушъэшъагъ шъэожъыер.

ЫIуагъэри ыгъэцэкIэжьыгъ. ЗэкIэми апэу ащ шъхьаныгъупчъэхэм орзэ IапIэхэр аIуихыжьыгъэх, пхъэнкIыпхъэжъ горэ къызэригъэгъоти, а шъхьангъупчъэхэм анэзыхэр ыукъэбзыгъэх. Шъхьангъупчъэхэм ахэлъыгъэ апчыхэр зэкI пIоми хъунэу къутэгъагъэх. Ащ пае Мартын цIыкIу дэпкъыхэм атехъогъэ бэджэхъхэр атыриукъэбзыкIыгъэх. Мыщ дэжьым унэжъ цIыкIум сапэу зыкъыщызыIэтыгъэм шъэожъыем жьы къыримыгъэщэжьэу хъугъагъэ. Мафэ пэпчъ, IофышIэм къикIыжьырэм къэс, Мартын цIыкIу зыщыпсэущтыгъэ унэжъ цIыкIур нахь гуIэтыпIэ зэришIыным пылъыгъ, ар джыри нахь къабзэу зэIихыщтыгъ.

Къуаджэм ипащэ иунагъо хэсы зэхъум шъэожъыем ылъэгъущтыгъ бысымгуащэм ятIэр зэхишIыхьэти, дэпкъыхэм гъуанэу афэхъугъэхэр зэрижьыщтыгъэхэр. Джы джаущтэу ежьыми иунэжъ цIыкIу щишIэу ыублагъ. ХьэдэгъэтIылъым ишъхьэгъусэ унэжъ цIыкIум блэкIызэ, шъэожъыер зыпылъ Iофыр ылъэгъугъ ыкIи ыгу къегъоу IущхыпцIыкIыгъ, къэуцуи, къыщытхъугъ ыкIи игъогу техьажьыгъ. ЯтIонэрэ мафэм губгъом Iоф зыщешIэ нэужым ядэжь къызэкIожьым, Мартын цIыкIу ымыгъэшIэгъон ылъэкIыгъэп ылъэгъурэр. Унэ цIыкIумрэ пщэрыхьапIэмрэ ядэпкъыхэр зэраигъагъэхэм имызакъоу, етIэфкIи кIаижьыгъагъэх, джэхашъом идзэгъэгъэ пхъэмбгъухэри агъэтэрэзыжьыхи, пшэхъо къэхьыгъакIэ тыратэкъогъагъ.

Ащ нэужым хьэдэгъэтIылъым ишъхьэгъусэ псэпэ Iофэу ыгъэцэкIагъэр игъунэгъу шъузхэм къафиIо-

тагъэти, адрэхэм ащ изекIуакIэ лъэшэу агу рихьыгъ ыкIи зэхэгущыIэжьхи, Мартын цIыкIу иунэжъ цIыкIу шIыхьафкIэ щагу лъэныкъомкIэ къыкIаижьыгъ зэрэпсаоу. ЯлIыхэм а шъузхэм ауж зыкъырагъэнэнкIэ фэягъэхэп ыкIи унэжъ цIыкIум ышъхьэ фагъэтэрэзыгъ. АпчыкIэхэр ащэфыхи, шъхьаныгъупчъэхэми ахалъхьагъэх. Емышъуагъэу къызыщыхэкIырэм, хьэдэгъэтIылъыр фэIэпэIасэу пхъэшIэн Iофыр ыгъэцакIэщтыгъ. Ащ Мартын цIыкIу иIанэ ыкIи ипIэкIорэу зэбгырытэкъужьыщтыгъэр фигъэцэкIэжьыгъэх ыкIи пхъэнтIэкIукIэ фишIыгъ. Къуаджэм ипащэ орзэ IапIэ кIэу къыфихьыгъ.

– Джы, Мартын цIыкIу, къэпщэн пIоми уфит! – къесэмэркъэугъэх IэпыIэгъу къыфэхъугъэ лIыхэр.

Джаущтэу къоджэдэсхэр иIэпыIэгъухэу шъэожъыем зыщыпсэун унэ иIэ хъугъэ. ЗэкIэри зэригъафэмэ – зэIихыхэзэ, сыд фэдэу ащ шIу ылъэгъущтыгъа унэгъо хъызмэтыр щызэрихьаныр! Ау зэкIэми анахь лъэшэу Мартын цIыкIу шIу ылъэгъущтыгъэр аукъодыеу губгъом итыныр, мэзым хэтыныр, жъыкъабзэм къыщикIухьаныр арыгъэ. Ей, сыд фэдэу джащыгъум ыгъатхъэу ащ жьы къабзэр къыщэщтыгъа! Мыжъошхо хэIэтыкIыгъэ горэм дэкIуаети, ащ тетIысхьэти, ащ тесэу Iэхъогъум лъыплъэщтыгъ. КIо пIон зыхъукIэ, идзэ ипащэу ары ар къызэрэпшIошIыщтыгъэр.

ИсэмэгубгъукIэ къушъхьэ лъагэу зыкъыщызыIэтыщтыгъэхэм къатекIэщтыгъэх чъыг лъэпкъ зэфэшъхьафыбэхэр, ахэр Iужъухэу, зэхэкIыхьагъэхэу щытыгъэх. Жьы макIэ нэмыIэми къызэрепщэу елым ымэ IэшIу къыпIуощтыгъэ. Бжыхьэм чъыгхэм япкIашъэхэр апытэкъужьхэу, пцIанэхэу къызынэхэкIэ, ахэмэ ягухэкI адигоцы фэдэу ель чъыгхэм шъыгъо орэдыр къыхадзэщтыгъ. Къушъхьэ лъапэм лъэгуанэу зыщызыушъомбгъугъэм алрэгъур угу къыгъэкIэу

зэмышъогъу къэгъэгъэ дахэхэр къыщыкIыщтыгъэх. Ащ тыжьын идыкIыгъэу къыхэщыщтыгъ псыхъожъыеу къушъхьэм къечъэхыщтыгъэр. ДжабгъумкIэ мэзым пхырыупкIыгъэ гъогур къэлъагъощтыгъэ.

Сыд фэдэу нэр пIэпахэу дэхагъэха гъэтхапэм къэгъагъэхэр апизыхэу, гъэмафэм ыкIи бжыхьэм цумпэ зэфэшъхьафхэр бэу къапыкIагъэхэу кондэ жъугъэу мыщ къыщыкIыштыгъэхэр! Мартын цIыкIу дэгъу дэдэу ышIэщтыгъэ къэкIыхэрэм ащыщэу щэнаут зыхэлъхэр. Андрей лIыжъыр ары ащ фэзыгъэсагъэр.

ЗэкIэ а сурэтэу къэттхыхьагъэр тыгъэм инурэ дышъашъохэм къызызэлъанэфыкIэ, сыд фэдэу джыри нахь дахэу а чIыпIэр къэлъагъощтыгъа! Ащ фэдэ лъэхъаным Мартын цIыкIу зэкIэ дунаем тетыр щыгъупшэжьыщтыгъ. Былымхэр рэхьатэу зыщыхъуштыгъэхэ лъэхъаным ежьым чыпэ цIыкIухэм пкъыгъо зэфэшъхьафыхэр ахишIыкIыщтыгъэх. Е пхъэнкIыпхъ, е къуаер зэрэрахырэ мэтэжъыехэр. Сыдэу хъуми IэнэкIэу ядэжь къыгъэзэжьэу къыхэкIыщтыгъэп. Бзылъфыгъэхэм ягуапэу ащ ышIыщтыгъэхэр ащэфыщтыгъэх, шъыпкъэ, бэу къырамытыщтыгъэми, Мартын цIыкIу ахъщэ тIэкIу зэIуигъэкIэн ылъэкIыгъ. „Хэты ышIэра ар къысшъхьапэжьынэу зэрэхъущтыр, – бэрэ ащ зэриIожьыщтыгъ, – сэр-сэрэу зысIыгъыжьын фаеба“.

Чымэтэ цIыкIухэм яшIын пэсэу ыкIи дунаем идэхагъэ хаплъэзэ, ар зэупчIыжьыщтыгъ: „Адэ егъашIэми зэкIэ мыр мыщ фэдэу щытыгъа? Армырмэ, хэта адэ а зэкIэ зыгъэпсыгъэр? А Тхьэу къуаджэм ипащэ тхьэлъэIу ышIы зыхъукIэ зыцIэ къыриIорэр ара, хьаумэ зыгорэ лIагъэу зызэхахыкIэ мырэущтэу зыфаIорэр ара: Тхьэр гукIэгъушIыл, ар Ежьым ыдэжь зэрищэжьыгъэмкIэ?“

Адэ тыдэ щыIа а Тхьэр? ЫкIи цIыфхэу Ащ Ежьым ыдэжь ыщэжьыхэрэр? Адэ Ащ сэ сяни джащ фэдэу

Ыдэжь ыщэжьыгъа? Ащ зэкIэри ыгъэпсыгъэу зэраIорэр шъыпкъэмэ, ащыгъум Ар лъэшэу акъылышIоу ыкIи хьалэлэу щытын фае. Адэ хьалэмэтэу мы дунаер гъэпсыгъэшъ: къэкIыхэрэм ащыщхэр гъомлапхъэкIэ агъэфедэх, адрэхэр Iэзэгъу уцхэкIэ агъэфедэх! Жьаур шIу зылъэгъухэрэр ащ фэдэ чIыпIэ дэдэм – жьаум чIэгъэтIысхьагъэхэм фэдэу къыщэкIых, тыгъэр зикIасэхэр чIыпIэ шъхьэихыгъэхэм къащыкIэу олъэгъух. Ощхыр къызещхырэ нэужым сыд фэдэу мэзым ыпсэ къыпыкIэжьыра! Ау ренэу къещхыныри дэгъоп, джащ пае Ащ жьыбгъэр къырегъапщэ ыкIи тыгъэр ошъогум къырегъэхьажьы. ЗэкIэ ахэр Ащ Ежьым ыкIуачIэкIэ егъэцакIэхэмэ, сыдэу Ар акъылышIо Зиусхьанэу щыта!

ЗэбгъэшIэнкIэ гъэшIэгъоны: адэ лIагъэхэр зыдэщыIэхэ дунаеми мы дунаем зэрэщыдэгъум фэдэу щыщыт шъуIуа! Къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ зэлIэм, ащ иIэмычIэ ахъщэ жъгъэй чIалъхьэгъагъ ыкIи раIогъагъ: „ГъогупкIэм пае“. Сыд фэдэ гъогупкIа? Адэ тичIыгурэ ыкIи лIагъэхэр зыдэщыIэхэ чIыгумрэ азыфагу хы горэ ита? ЫкIи хэта ащ цIыфхэр зэпырызыщыхэрэр? Ныор зэлIэ нэужым къуаджэм ипащэ иунагъо тхьамафэм къыкIоцI Iоф щашIагъэп щымыIэжьым ыгу гупсэфыжьыным пае аIозэ. Ащ нэужым хьалыгъухэр агъажъэхэу рагъэжьагъ. Хьалыгъу гъэжъэгъакIэм ымэ гохь унэм изы зыхъурэ нэужыр ары ныIэп щымыIэжьым ыпсэ зыгупсэфыжьырэр. Адэ сыда ащ кIожьыхэрэм апсэ ащ лъыпытэу гупсэфыжьын зыкIамылъэкIырэр? Ащ, Тхьэм ыдэжь, мыщ зэрэщытым фэдэу дэгъоу щыщытыба? Ей, сыд шъуIуа цIыфхэр зыкIалIэхэрэр?“

Джащ фэдэ гупшысэх шъэожъыем гупсэф къезымытыщтыгъэхэр. ЗэкIэ ахэмэ яджэуапхэр къыфиIотэнхэу ар зыгорэм елъэIуныгъи, ау ащ фэдэ цIыф ар IукIэщтыгъэп.

Гъатхэм, зэкIэхэмкIи ошIэ-дэмышIэу къуаджэм ипащэ лIагъэ. Аужырэ уахътэм ар лъэшыщэу ешъоу къыублэгъагъ ыкIи ащ пае зэу-запсэу къыриути лIагъэ. Джы а лIыр ыгу къэмыкIэу Мартын цIыкIу мафэ гори къыхэкIыщтыгъэп. Ренэу ар егупшысэщтыгъ: „Адэ ар джы тыдэ щыIа? Тхьэр елъэгъу шъуIуа? Тхьэм сыд фэдэ теплъэ иI шъуIуа?“

Мафэ горэм къушъхьэ цакIэм тесэу чымэтэ цIыкIу ышIызэ, Iэхъо цIыкIум ынэгу ошъогум фигъази, мэкъэ IэтыгъэкIэ къыIуагъ:

– О си Тхьэ, сэ зыпари сшIахэрэпи О къыохьылIагъэу! О Зиусхьан, Орырэ цIыфхэу лIэхэрэр О зыдэбгъакIохэрэ хэгъэгумрэ къышъохьылIагъэу зыгорэ сэ зэзгъэшIэным пае ищыкIагъэр зэкIэри О пкIуачIэ къыхьыщт! ЦIыфышIухэри цIыф бзаджэхэри зэгъусэхэу ащ щэпсэуха?

Мартын цIыкIу ицыхьэ пытэ телъыгъ Тхьэм зэреджагъэр Ащ зэрэзэхихыгъэм. Ащ фэдэу ицыхьэ пыта зэрэтелъыгъэм ащ ыгу ыгъэрэхьатыжьыгъ ыкIи чымэтэ цIыкIум ишIын ригъэжьэжьыгъ. ЗэкIэм ащ зэхихыгъэ шъынэ Iой макъэ. Мартын цIыкIу ащ лъыпытэу къызыщыхъушъути, макъэхэр къызыдиIукIырэ лъэныкъомкIэ чъагъэ. Бундаши ащ игъусэу дэчъагъ. Зым ыуж зыр итэу, зэкIахьэхэмэ зэтечъыжьхэзэ, ахэр тIокIэ куум инэпкъы нэсыгъэх ыкIи ащ дэжьым Мартын цIыкIу ылъэгъугъ анахь шIу ылъэгъурэ шъынэ цIыкIур, шъынэ фыжь цIыкIоу шIуцIэ IашкIэхэр зыхэлъхэр, пэрэжъые панэхэм ахэнагъэу. Шъынэ тхьамыкIэ цIыкIур тIокIэ зандэм ефэхи ащ дэфагъ.

„Ей, ситхьамыкIэ цIыкIу! Сыдэущтэу мыщ укъыдэсхыжьына? Сызытеуцощт мыжъохэр цIынэхэба ыкIи цIэнлъагъохэба!“ – егупшысэщтыгъэ Мартын цIыкIу.

ЕрагъэкIэ ар нэпкъы зандэм ецохъохын ылъэкIыгъ, ау ащ нахьи нахь къиныжьыгъ шъынэ цIыкIур

ыбгъэ кIэлъэу къыдэцохъоежьыныр. Ары шъхьаекIэ, ар къызэрэдэхъугъэм пае сыд фэдэу ащ гушIогъошхуагъа! ЫIтамэ тесэу ащ шъынэ цIыкIур къыхьыжьыщтыгъ. Iэ щифэзэ ыкIи зэрэмысакъыгъэм пае еушъыизэ, мэл Iэхъогъум нэс шъынэр къыхьыжьыгъ. Къагъэнэжьыгъэ шъынэ цIыкIур гушIом къыхэкIэу дэпкIаещтыгъ ыкIи Iэхъогъум хэхьажьи уцыр ыхъоу ригъэжьэжьыгъ.

– Мартын цIыкIу, – къыриIуагъ бзылъфыгъэхэм ащыщ горэм, – къызэраIотэжьырэмкIэ, мэлахъо горэм мэлишъэ иIагъ ыкIи мафэ горэм ахэмэ ащыщ мэл горэ кIодыгъэ, Iахъом мэл 99-р шъоф нэкIым къыригъани, а мэл закъоу кIодыгъэм ыуж ихьэгъагъ. Ори джащ фэд узэрэзекIуагъэр.

– Адэ къыгъотыжьыгъа ащ а мэлэу кIодыгъагъэр?

– Къыгъотыжьыгъ адэ. ЫIтамэ къытырилъхьи, ядэжь нэс къыхьыжьыгъагъ. Мэлыр къызэригъотыжьыгъэм зэригъэгушIорэм къыхэкIэу ар зэкIэ игъунэгъухэм къяджэгъагъ ежьым игъусэу къыдэгушIонхэу.

Мартын цIыкIу лъэшэу ыгу рихьыгъ а къэбарэу бзылъфыгъэм къыIотагъэр.

– Хэтыгъа а Iахъор ыкIи тыда ар зыщыпсэурэр?

– Ар сэ сшIэрэп. Ау къэбарыр Зиусхьанэу Исус Христосым Ежьым игъогу рыкIохэрэм къафиIотэгъагъ.

– Хэта Исус Христосыр?

– Ей, Мартын цIыкIу, сыдэу уакъылынчъа! – къыдэхьащхыгъэх адрэ бзылъфыгъэхэр.

– Шъудэмыхьащх ащ, – Мартын цIыкIу къыухъумэу къыIуагъ а бзылъфыгъэу къэбарыр къэзыIотагъэм. – Шъэожъые насыпынчъэм зэкIэ ахэр къыфэзыIотэн благъи Iэхьыли иIэп ныIа, еджапIэр арымэ, ар ащ кIуахэрэп. ОшIа, Мартын цIыкIу, – Исус Христосыр – Ар Тхьэм Ыкъу. КIо, хъяркIэ, тэ тадэжь тыкIожьын фае!

Бзылъфыгъэхэр ягъогу техьажьыгъэх. Шъэожъыем щыгъупшэжьыгъагъ бзылъфыгъэхэр къызэрэдэхьащхыгъэхэр. Ар зыгъэгушIощтыгъэр Тхьэм ехьылIагъэу къэбар горэ нэмыIэми зэришIагъэр ары. ЫшIагъ Исус ХристоскIэ заджэщтыгъэхэ ГъэсэкIо хьалэл зэрэщыIагъэр. Мартын цIыкIу лъэшэу ыгу рихьыщтыгъ зэкIэми анахь цIэу „Исус“ зыфиIорэр. ЫкIи а Исусыр Тхьэм Ыкъоу щытыгъ. А Исусыр, енэгуягъо, ежьым фэдэу Iахъоу щытыгъэкIэ. А мэлишъэу бзылъфыгъэм зигугъу къыфишIыгъэр Арын фае зыгъэхъуущтыгъэри. Тхьэм губгъохэр иIэхэмэ, ащыгъум мэзи иIэн фае. Арышъ, зэрэхъурэмкIэ, Тхьэм ыдэжь зэкIэри щыдэгъун фае!

Ядэжь къэкIожьызэ, Мартын цIыкIу такъикъ тешIэрэм къэс ошъогум иплъэщтыгъэ ыкIи ежьежьырэу егупшысэщтыгъэ: „Исусым, Тхьэм Ыкъо сэщ фэдэ къабзэу джыдэдэм былымхэр шъофым рифыжьыгъэхэу ядэжь ефыжьынкIи мэхъуба. Зиусхьанэу Тхьэр мэлыхэм къатегущыIэ! Ащ мэлыхэр егъэхъух. Адэ сэ Ащ селъэгъуа? Ащ иIэпыIэгъоу сиштэнкIэ сэрэшIэри, сэ сылIэным сыфэхьазырыныгъи. Мыхъу зымыхъужькIэ сэ ащ щысшIэщтгъагъэ Тхьэм ыдэжь зэкIэри зэрэщыгъэпсыгъэ шIыкIэр“.

КъыкIэлъыкIогъэ мафэм ипчэдыжь зы гушIуагъо горэм ыгукIэ зэлъиштагъэу къэущыжьыгъ. Лъэшэу егугъузэ зитхьакIыгъ, ышъхьацыхэр ыжьыгъэх ыкIи зифэпагъ. ХьэдэгъэтIылъым ишъуз ичэм ащ ыдэжь къызефым, Мартын цIыкIу ошIэ-дэмышIэу бзылъфыгъэм еупчIыгъ:

– Нанэ, сыолъэIу къысэпIонэу, тэ зэкIэ тшIэрэр Тхьэм къелъэгъуа?

ХьэдэгъэтIылъым ишъхьэгъусэ а пчэдыжьым ыгу шIугъэп. Джыдэдагъ ныIэп ар илIы зыщыхьэгъагъэр. Ары пакIошъ, лIыр ащ къыпыухьэгъагъ.

– Ары, сишъау, Тхьэм зэкIэри елъэгъу ыкIи о зекIокIэ дэй горэ къызыхэбгъафэмэ, Ащ уигъэпщынэщт, – къыфидзыгъ ащ джэуапыр.

– Нанэ, зекIокIэ дэй гори сэ къызыхэзгъэфэщтэп, – шъэожъые цIыкIум гущыIэ ритыгъ бзылъфыгъэм ыкIи пигъэхъожьыгъ: – ХъяркIэ!

– Тхьэм шIу уелъэгъу! – къыриIожьыгъ бзылъфыгъэм.

– Нанэ, – зыкъызэригъэзэкIи Мартын цIыкIу джыри бзылъфыгъэм еупчIыгъ, – адэ Ащ Ыкъуи тэ джащ фэдэу тыкъелъэгъуа?

– Хэта Ащ Ыкъоу зыфапIорэр?

– Исусыр ары.

– Зиусхьанэу Исус Христосми? Телъэгъу адэ. Джы кIо, Тхьэм шIу уелъэгъу!

Мартын цIыкIу шъофым ежьагъэу егупшысэщтыгъэ игъогу тетэу. Ащ къышIошIыщтыгъэ имызакъоу, Исусыр, Тхьэм Ыкъо ежьым игъусэу. „Ар мокIэ, сашъхьагъкIэ щыI, сэ мыщ, ычIэгъкIэ сыщыI“, – зэриIожьыщтыгъэ Мартын цIыкIу.

ЫкIи а мафэм къыщегъэжьагъэу къемыдэIурэ мэлхэм ар яхъоныжьыщтыгъэп: Исус Христосым ар елъэгъумэ, ащыгъум ихъонэгъо гущыIэхэри Ащ зэхихынхэ ылъэкIыщтыба.

Джаущтэу тхьэмэфэ псэу тешIагъ. Мартын цIыкIу ыгукIэ псынкIэу, гушIуагъо горэми зэлъиIыгъэу щытыгъ. Шэмбэтым Iэхъогъур чылэм къыфыжьызэ, чылысым чIэт одыджынышхом итеомакъэ зэхихыгъэ. А мэфэкI теомакъэм кIэир зэкIэ зэлъигъаджэщтыгъ.

„Одыджын теомакъэм цIыфхэм агу къегъэкIыжьы неущ зэрэтхьаумафэр, – егупшысэщтыгъэ Мартын цIыкIу. – Неущ цIыфхэр чылысым кIощтых. Ары шъхьаекIэ, сыда ащ цIыфхэм щашIэрэр?“

Мартын цIыкIу ежьым къыгъэшIагъэм джыри чылысым чIэхьэгъагъэп.

Къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ агъэтIылъы зэхъум чылыс щагум, сэдэкъэхэдзыхэм ягъусэу чэум кIэлъырысыгъ. Шъыпкъэ, а чIыпIэм щысэуи ащ зэхихыщтыгъ чылысым дин орэдхэр къызэрэщаIощтыгъэр ыкIи органым ымакъэ. Дин пащэм Тхьэм икъэбарышIоу къафиIуатэрэм щыщ гущыIэхэри зэхихыщтыгъэх, ау щагум дэтэу чылыс кIоцIым къыщаIорэ гущыIэхэр зыфэдэр, шъыпкъэ, ащ къыгурыIон ылъэкIынэу щытыгъэп. Къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ псаузэ, кIымафэм чылысым кIомэ шIоигъоу ащ риIогъагъ, ау бзылъфыгъэм ар къыфидагъэп:

– Сыда ащ о чIэпшIыхьащтыр? ЕджакIи тхакIи о пшIэрэп, щыгъын тэрэзи уиIэп. Ощ фэдэу ащ кIохэрэм цIыфхэр агъэохъух ныIэп.

Гъэмафэм шъэожъыем зы мэфэ гъэпсэф гори къыфыдафэщтыгъэп, Iэхъогум ыуж ренэу итыгъ. Джарэущтэу ар зэгорэми чылысым кIон ылъэкIыгъагъэп.

„Сыда цIыфхэр чылысым зыкIакIохэрэр? Тхьэм ахэр ащ щыдэгущыIэха, хьаумэ Арырэ Исусымрэ щатегущыIэха? Енэгуягъо, арэущтэу ащ щашIыкIэ, етIани сэ ащ сагъакIорэп“.

А мафэм Мартын цIыкIу пчыхьэшъхьашхэ ышIынкIэ фэягъэп, ары пакIошъ, Бундаш шъэожъыем ылъакъохэм закъырищэкIыщтыгъэ нахь мышIэми, ащи ар ыгъэгупсэфын ылъэкIыгъэп.

ГухэкI зэщыгъом шъэожъыем ыгу зэлъиштагъэ, арыти ащ шIоигъо хъугъэ мэзым чъэнэу, чыжьэу-чыжьэу мы чIыпIэм IукIынэу е янэу щымыIэжьым икъэ кIомэ шIоигъоу. Джы мары ар ащ ыдэжь, икъэ къэкIуагъ. Бэрэ къыхэкIыщтыгъ ащ ыдэжь къакIомэ, къэгъагъэхэр къызыдихьыхэу. Охътабэрэ янэ икъэ ар кIэлъырысыщтыгъ ыкIи егупшысэщтыгъ: „Тыдэ кIуагъа сянэ? Адэ ащ щыIэкIэшIу щыриIа?“

Непэ шъэожъыем къэгъагъэхэр къызыдихьыгъа-

гъэхэп, къэм къыщыкIыщтыгъэ къэгъагъэхэр ежьым ынэпсыхэмкIэ ыгъэшъугъагъэх.

– А сянэ кIас, ори Тхьэм ыдэжь узэрэщыIэзэ, сэщ фэдэу, унэнчъэу узэрэщытым пае, чылысым учIагъахьэрэба? Ей, сянэ насыпынчъ!

Шъэожъыем пэмычыжьэу хьэдэгъэтIылъым бэн щитIыщтыгъ. Ащ зэхихыгъэ шъэожъыем игъы макъэ ыкIи Мартын цIыкIу ышIэжьыгъэти, ащ къыкIэлъырыхьагъ.

– Огъа, Мартын цIыкIу? Сыда къыохъулIагъэр? – къеупчIыгъ ар ыгу къегъоу.

Шъэожъыем игукъанэ къыIотагъ, ау хьэдэгъэтIылъым ар къыгурыIуагъэп. А хьэдэгъэтIылъыр тхьаумафэ къэс чылысым кIощтыгъэ ыкIи Тхьэм Ыкъоу Исус Христосым ехьылIагъэу бэу ащ зэхихыщтыгъэ нахь мышIэми, ежьыр Тхьэм зыпарэкIи егупшысэу къыхэкIыгъэп.

– Умыгъ, – риIуагъ ащ шъэожъыем. – Шъыпкъэ дэдэмкIэ гурыIогъуай мырэущтэу о еджэкIэ-тхакIэ умышIэу укъызэрагъэнагъэр. Ау о къызыфапIорэр шъыпкъэп. О зэрэкъуаджэу уриIахъу нахькIэ, унэ зимыIэ къэкIухьакIоу ущытэп. Адрэ шъэожъыехэм афэдэ къабзэу ори икъу шъыпкъэу фитныгъэ уиI чылысым дин орэд къыщызыIохэрэм уахэтынэу ыкIи хэти ахэмэ уахимыгъэтын ылъэкIыщтэп.

– Татэ, щыгъын тэрэз сэ сиIэпи!

– Шъыпкъэ, гъэмэфэ мафэм о чылысым укIон плъэкIыщтэп Iэхъогъур гум къиунэу, ау бжыхьэм – Iофыр фэшъхьаф. КъоджэдэсхэмкъэптаныкIэ пфащэфынышъ, тхьаумафэ къэс уфаемэ чылысым укIон плъэкIыщт.

– Сыда сэ ащ щысшIэн фаер? Татэ, Тхьэм пае къысфэIуат шъо чылысым щышъушIэрэм ехьылIагъэу.

– Тэ ащ дин орэдхэр къыщытэIох, сишъау. О ащ

фэдэ орэд къэпIон плъэкIыщтэп сыда пIомэ о тхылъым укъеджэн плъэкIырэп, ау уедэIун плъэкIыщтыба дин пащэм Тхьэм икъэбарэу къыIуатэрэм. КъыIорэ гущыIэхэр къыкIэпIотыкIыжьхэзэ, ащ уригъусэу тхьэлъэIу дэпшIыни плъэкIыщт, иушъый къэбархэми уядэIун пIоми уфит.

– Сыд илIэужыгъуа ушъые къэбархэр?

– Ей, о зыпари пшIахэрэпи! ОшIа, дин пащэм тэ къытфеIуатэ тызэрэзекIон, тшIэн фаехэр.

– Адэ сэ къысшIошIыщтыгъэр Тхьэм ехьылIагъэу ащ къышъуфиIуатэу ары.

– Арыба сэри къыуасIорэр. Джырэ уахътэм тегъэпсыкIыгъэу ащ Тхьэм, Исус Христосым яхьылIагъэу къытфеIуатэ. Христосыр къызыхъугъэ мафэм, Зиусхьанэу Исусым икъэхъукIагъэр къытфеIуатэ. Пчыхьэм ыпэ къифэрэ тхьамэфэм къытфеIуатэ цIыфхэм апкъы къикIыкIэ ащ къиныбэ ыщэчын фаеу зэрэхъугъагъэр, джуртхэм ар зэрэзэкIоцIапхэгъагъэр, укI зэрэтыралъхьэгъагъэр, къащым зэрэтыраIулIэгъагъэр ыкIи Ар ащ зэрэтелIыхьагъэр. Пасхэ мафэм тедэIу зылIэгъэ нэужым ящэнэрэ мафэм Ар къызэрэхъужьыгъэм ехьылIагъэу къыIуатэхэрэм. Ау, о шъэожъыер, къэбархэр къыпфэсэIуатэх сIозэ, бэнэу стIырэри сщыгъупшэжьыгъ!

– Татэ, сыолъэIу, IэпыIэгъу сыкъыпфэхъущт, сыолъэIу джыри къысфэпIотэнэу джуртхэм Христосыр къащым зэрэтыраIулIагъэр.

– Моу чIыгум тегъуалъхь, сэ къыозгъэлъэгъущт ар ахэмэ зэрашIыгъэ шIыкIэр. ПIэхэр зэкIэщых зэрэпфэлъэкIэу. Джы мары къеплъ: мыхэмэ, Ащ ылъакъохэмрэ ыIэхэмрэ, гъучIыIунэхэр ахаIулIэгъагъэх ыкIи джаущтэу къащым ар Ар пылъэгъагъ олIэфэкIэ.

Мартын цIыкIу къызыщылъэтыгъ.

– Ары шъхьаекIэ, Ар ащ лыузышхо къыщыхъущтыгъэба! Сыда ахэмэ ащ фэдиз къин Ащ зыкIыра-

гъэщэчыгъэр, сыда Ащ ахэмэ аришIагъэр? Бзэджэ-шIэ техакIоу Ар щытыгъа ыкIи ахэмэ къиныба ари-гъэщэчыгъа?

– Ахэми ащыщ горэми Ащ егъашIэми мыхъун ришIагъэп. Зы гущыIэ дэй горэ Ащ ыжэ къыдэкIы-гъэу хэти зэхихыгъэп. ШIу щэхъу Ащ цIыфхэм афи-шIэщтыгъэп. ЧIыпIэ чыжьэхэм къарыкIыхэти, Ащ ыдэжь цIыфхэр къакIощтыгъэх. Сымаджэхэр ахэмэ къызыдащэщтыгъэх, Ащ ахэр ыгъэхъужьыщтыгъэх. Ащ фэшъхьафэуи Ащ зэрэщыIэнхэ ыкIи Тхьэм зэрэфэлэжьэнхэ фае шIыкIэм цIыфхэр фигъасэщты-гъэх. Ахэмэ Ар зыкIаукIыгъэр шъыпкъэр къафаIуа-тэу зэхахынкIэ фэягъэхэпти ары.

– Ей-ей, сыдэу ахэр емыкIу шъыпкъэу зекIуагъэха!

– Ары шъыпкъ, ахэр емыкIоу зекIуагъэх. Iахъом фэдэу Ар цIыфхэм ахэтыгъ. О уиIэхъогъу зэрэзапщэ-рэм фэдэ къабзэу Ащи, Тхьэм и ГущыIэ къызэ-риIорэм тетэу, цIыфхэр щыIэныгъэм игъогу тэрэз рищэщтыгъэх. Ау щытми, цIыфхэм Ар аукIыгъ.

ХьэдэгъэтIылъым Христосым ехьылIагъэу къыIуа-тэрэр къыухыгъ, ащ нахьыбэ къыIотэн ылъэкIынэу щытыгъэп. Лыуз зэщыгъом ыгу зэлъиубытыгъагъэ. Хьатырышхо къыфэзышIэгъэ ныбджэгъушIоу щы-гъупшэжьыгъапэм игугъу къыфашIи, ыгу къагъэкIы-жьыгъэм фэдагъ. Ятэ къыфигъэнэгъэгъэ Библиер зэрэпсаоу зэгорэм ащ ыджыгъагъ. ЕджапIэм чIэсы зэхъум, Библием къыщиIотэрэ къэбархэр ащ зэри-гъэшIэгъагъэх. Ахэмэ афашъхьафэуи ар чылысым кIощтыгъ ыкIи Христосым ехьылIагъэу чыристаным ышIэн фаер зэкIэ ышIэщтыгъ, ау зэгорэми ар Ащ егупшысэу къыхэкIыгъэп... Хэгъэгоу ошъогум щыIэр ащ зэрэщытэу щыгъупшэгъагъ ыкIи джы Мартын цIыкIу ар ыгу къыгъэкIыжьыгъ.

Бэныр тIыгъахэ зэхъум, шъхьадж ежь игъогукIэ ащ къыIукIыжьыгъ. А чэщым Мартын цIыкIу чъы-

ягъэп: ащ ынапIэхэр зэтырилъхьанхэ ылъэкIыгъэп.

Зэпымыоу ар Христосым, Ащ ыгу ихьалэлыгъэ ягупшысэщтыгъ: „Ар Тхьэм Ыкъоу щыт, арышъ, Ар Тхьэм къыгъэкIуагъэу щытыгъ. Тхьэм ехьылIагъэу зыпари зымышIэщтыгъэхэр Ащ ыгъасэщтыгъэх. Ар Iэзэкlo цIэрыIоу щытыгъ ыкIи Iэзэгъу уцыхэм амалышхоу ахэлъыр къызыфагъэфедэным цIыфхэр фигъэсагъэх. Ятэ Iофэу ышIэрэр зэкIэ зыфэдэр Ащ ешIэ ыкIи цIыфхэр егъэхъужьых. Ау сыдэу тхьамыкIэгъошхуа цIыфхэм Ар зэраукIыгъэр!“

Мартын цIыкIу чъыем хилъашъоу ригъэжьагъ.

А охътэ дэдэм тефэу чылыс одыджыныр къытеуагъ, къэтэджыгъэн ыкIи Iэхъогъур губгъом игъэзыхьэгъэн фэягъэ. „ЦIыфхэр чылысым кIощтых Тхьэм ыкIи Христосым яхьылIэгъэ къэбарэу къафаIотэщтхэм ядэIунхэу, сэ мэзым сыкIон фаеу сипшъэрылъ ыкIи джащ къыхэкIэу зыпари зэхэсхын слъэкIыщтэп. Адэ ащыгъум сыда сэ сызыфыщыIэр? Сышъхьэзакъоу! Тхьэри симыгъусэу!“

МэкъумэщышIэ бзылъфыгъэхэм гу лъатагъ Мартын цIыкIу ынэгу чэфынчъэу зэрэгъыгъэр къызыкIэщыщтыгъэм. Зыгорэ къыщышIыгъэмэ аIуи, ахэр шъэожъыем еупчIыгъэх, ау Мартын цIыкIу зи къафиIуагъэп.

А мафэм Мартын цIыкIу Iэхъогъур мэзым дэжь ыфыгъэп. Брецовэ кIорэ гъогур зыблэкIырэ псыхъожъые Iушъом щыхъунхэу къыIуигъэнагъ. Хьалыгъу такъырэу къызыдиштагъэри ышхыжьын ылъэкIыгъэп ыкIи ар ихьэу Бундашрэ шIу ылъэгъурэ шъынэ цIыкIоу Берушкэрэ афигощи аригъэшхыгъ. А такъикъым шъэожъыем гу лъитагъ зыгорэ къызэрэкIэлъырыхьэрэм. Къэлэ щыгъынхэр зыщыгъ кIэлэ ныбжьыкIэу ар къычIэкIыгъ. Зы IэмкIэ щамсый ыIыгъыгъ, гъогум зыдаштэрэ Iалъмэкъыр ытамэ едзэкIыгъагъ.

– Уимафэ шIу, Iэхъо цIыкIу! Мы гъогум сытетэу

сыкIомэ, Рашовэ къуаджэм сынэсыщта? – къемыкIолIапэу, чыжьэу щытэу ар мэкъэ IэтыгъэкIэ шъэожъыем къеупчIыгъ.

Мартын цIыкIу ипаIо зыщихи, джэуап рытыжьыгъ:

– Ары, унэсын плъэкIыщт а гъогум утетэу укIомэ, ау псынэпкъым рекIокIырэ гъогум утемыкI, сыда пIомэ тIэкIукIэ улъыкIуатэмэ, гъогур тIоу зэхэкIэу урихьылIэщт.

ГъогурыкIор шъэожъыем къыIугушIуагъ. Iэхъо цIыкIоу тыгъэм ылыцIэгъэ нэгу дахэ ыкIи нэкъэрэ инхэр зиIэр ащ ыгу рихьыгъ.

– Зэщыгъоба оркIэ мыщ уизакъоу уIусыныр? – къыфэнэгуихыгъэу ар къеупчIыгъ.

– Тхьаумэфэ мафэхэр ары сэрыкIэ зэщыгъо зыщыхъурэр, сыда пIомэ зэкIэри чылысым макIох, сэ Iэхъогъур згъэхъун фаеу сипшъэрылъ.

– Ащ фэдизэу ар гухэкIы умышIы: щыI цIыфыбэхэр а мафэм зыпари Iоф амышIэу, ау чылысым мыкIохэу.

– О тыдэ укIорэ адэ?

– Джыдэдэм Рашовэ къуаджэм сэкIо, ащ сыдэкIыжьмэ, хэгъэгум къыщыскIухьащт.

– Сыда о къызыкIэпкIухьан фаер?

– Зэрифэшъуашэм тетэу сэ цIыфхэр зэзгъэшIэнхэ, ящыIэкIэ-псэукIэ нэIуасэ зыфэсшIын фае, нэужым ахэр згъэсэнхэ слъэкIыным пае. Сэ дин пащэу сыхъущт. Тхьэм ихэбзэ шапхъэхэм цIыфхэр афэзгъэсэщтых.

– ЗэрэхъурэмкIэ, о цIыфхэм, шIошъхъуныгъэм игъогу теуцонхэу агурыбгъэIощт? – гушIом зэлъиштагъэу мэкъэ IэтыгъэкIэ къыIуагъ Мартын цIыкIу. – Тхьэм, Христосым яхьылIагъэу о бэу къыпфаIуатэкIэ енэгуягъо, арба? Ащ ехьылIагъэу зэкIэри ошIэнкIи хъун, арба? Сэ егъашIэми шIошъхъуныгъэм игъогу

ехьылIагъэу цIыфхэм къафаIуатэу зэхэсхыгъэп. СыолъэIу джыдэдэм ащ ехьылIагъэу зыгорэм себгъэдэIунэу! Ащ пае лъэшэу сыпфэрэзэщт!

– Дэгъуба армэ! Ау ыпэрапшIэу о къысфэIуат Христосым ехьылIагъэу пшIэрэ щыIэмэ.

Бзылъфыгъэмрэ хьэдэгъэтIылъымрэ ащкIэ къыфаIотагъэу ышIэрэр шъэожъыем къыIотагъ.

ГъогурыкIом зэхихырэр ыгъэшIагъоу мэкъэ IэтыгъэкIэ къыIуагъ:

– ЗэрэхъурэмкIэ, о Тхьэми Христосыми яхьылIагъэу зыгори пшIэрэп! Сыдэущтэу шIошъхъуныгъэм игъогу ехьылIагъэу о къыпфэсIотэщта, Христосым зыфигъасэхэрэр озгъэшIэщта дин Iофым зыпари хэмышIыкIырэмэ?

Мыщ дэжьым чэмитIу къаигъэ зэфэхъугъэу зэтIыргухэзэ абжъакъохэр зэрынагъэхэти, ахэр зэпищыжьынхэу Мартын цIыкIу ячъэлIагъ. Къызегъэзэжьым ылъэгъугъ гъогурыкIо кIалэр пхъэ такъэм тесэу тхылъ горэм еджэу. Шъэожъыер ащ ыпашъхьэ итIысхьагъ ыкIи шIошъхъуныгъэм игъогу ехьылIагъэу къыфаIотэщтым ежэу ыкIи ышIуабэ дашIэу щысыгъ.

– Къеплъ, мы тхылъым зэреджэхэрэр КъэбарышIу, – къыIуатэу къыригъэжьагъ гъогурыкIом. – Ар зэхьылIагъэр ти Зиусхьанэу Исус Христосыр ары. Мы тхылъым итхагъ зэкIэ Исус Христосым ышIэщтыгъэхэр, Ащ зыфигъасэщтыгъэхэр.

– Адэ мы тхылъым къыщеIуата Исус Христосым къинэу рагъэлъэгъугъэм ехьылIагъэу?

– КъыщеIуатэ тхылъым ыкIэ дэжь.

– Къысфеджэба сэ!

ГъогурыкIом а гущыIэхэр ыгу рихьыгъэх. Тхьаумэфэ мыщ фэдэ пчэдыжь шIагъом къэбарышIум къеджэмэ, ежьыркIи гъэшIэгъоныщтэу, ыпэкIэ емыджагъэу ащ къышIошIыгъ. Арыти, къыригъажьи ар шъэ-

ожъыем къыфеджагъ Исус Христосыр Гефсимание чъыгхатэм дэтэу Тхьэм зэрелъэIущтыгъэм, Ащ къылъыкIохи зэраубытыгъэм, Иудэм ащ ипыйхэм къызэраIэкIигъэхьагъэм, Ар зэрэращэжьэгъагъэм, зэкIэми Ар гум къызэрэранэгъагъэм, дин пэщэшхо жъалымэ нэшIошIыхэр Ар укIыгъэнэу къызэрэкIэдаощтыгъэхэм, Ащ утын гъушъэкIэ зэреощтыгъэхэм ыкIи емыкIу зекIуакIэхэр зэрэдызэрахьэщтыгъэхэм яхьылIагъэу. ЕтIанэ Ар Пилат дэжь ащагъ. Iэташъхьэ пщы Пилат ыдэжь къыращыжьи, пщы Ирод дэжь ащэгъагъ. Зыпари зэримылажьэр зэришIэзэ, Пилат Ащ укI тырилъхьагъ. Мыскъарэ ашIызэ ыкIи дэхьащхыхэзэ, дзэкIолIхэм Ащ щыгъын кIэнэкIалъэ щалъэгъагъ ыкIи ышъхьэ панэм хэшIыкIыгъэ паIо щалъэгъагъ. Ащ ынэгу лъыр къечъэхыщтыгъ, пшIэжьын умылъэкIынэу къинэу кIэхэкIырэм къыхэкIэу Ар ынэгукIэ зэхъокIыгъэ хъугъагъэ. Ащ фэдиз къин зырагъэлъэгъухэ нэужым Ар Голгофэ Iуашъхьэм дащэягъ. Гъэретынчъэ зэрэхъугъагъэм къыхэкIэу Ащ Ежьым икъащ ыхьын ылъэкIынэу щытыгъэп. Джащыгъум Ащ икъащ ыхьынэу Кириние къуаджэм щыщ Симон ытамэ тыралъхьэгъагъ. ЗэкIэ ахэр ухыгъэ зэрэхъугъэр къащым зэрэтыраIулIэгъагъэр ары. Къинышхоу Ащ ылъэгъущтыгъэр зэпыущтыгъэп. Лъыр къызэрычъыщтыгъэ иуIагъэхэр тыгъэм ыстыщтыгъэх. Ар лъэшэу псыфалIэ лIэщтыгъ, етIани псым ычIыпIэкIэ Ащ сэнэпс шIоIугъэ ешъонэу ратыщтыгъэ. Джаущтэу Ар сыхьатищым къыкIоцI къащым пылъэгъагъ, ащ фэдиз уахътэм къин езыгъэлъэгъущтыгъэхэм Ар Тхьэм афелъэIущтыгъэ. Къащым дэжь щытыгъ зыпари зэхэзымышIыкIыжь хъугъэгъэ янэ. Ар ыгъэгупсэфыным пае Ащ гущыIэхэр къыфигъотыщтыгъ. ЫшIагъэм фыкIэгъожьыгъэ хъункIакIор Ар уашъом щыIэ Тхьэм Итетыгъошхо ыщагъ. Аужъыпкъэм, Ащ къинэу ылъэгъущтыгъэхэр фэмы-

щыIэжьэу зыщыхъуным дэжь ащ пае къамыгъанэу купэу щытыгъэр Ащ зэрэкIэнакIэщтыгъэр зэщызэпимыгъэущтыгъэм дэжь мэкъэ IэтыгъэкIэ Ащ къыIуагъ: „О си Тхьэ, о си Тхьэ! Сыд пае О гум сыкъиунагъа?“ Джар къыIуи, ащ дэжьым ышъхьэ къефэхи, ыпсэ ытыгъ.

Ащ пыдзагъэу гъогурыкIор шъэожъыем къыфеджагъ Аримафей щыщ Юсыфрэ Никодимрэ Исусым ихьадэ къэунэу зэрэчIалъхьагъэр ыкIи Ар зычIалъхьэгъэ гъочIэгъым ичIэхьапIэ мыжъошхо зэрэIуалъхьэгъагъэр. Игъогу рыкIохэрэм Исусым ихьадэ атыгъуным тещыныхьэхэзэ, джуртхэм къэунэм ичIэхьапIэ дэжь къэрэгъулхэр Iуагъэуцогъагъэх.

Ащ нахьыбэ гъогурыкIор тхылъым къеджэн ылъэкIыгъэп, сыда пIомэ Мартын цIыкIум ынэгукIэ егъэзыхыгъэу чIыгум тегъолъхьагъэу ымакъэ Iэтыгъэу гъэу къырыгъэжьагъ. Ежьыри къэгъэнэжьыгъэным пае Тхьэм Ыкъо къинышхо зэрищэчыгъэр зэкIэ ащ ыпкъышъолкIэ зэхишIэщтыгъэ. Шъэожъыем еплъызэ, ежь гъогурыкIори гъымэ шIоигъоу хъугъагъэ.

Къэгъэнэжьак Iом къинэу рагъэлъэгъугъэхэм яхьылIагъэу ар бэрэ тхылъхэм яджагъ арытхагъэхэм, арэу зэрэщытзэ, зэгорэми ащ ышъхьэ къихьагъэп ежьыр шъыпкъэм ипсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъожьынэу. Христосым къин зэрэрагъэлъэгъугъэм ежь илажьи хэлъыба. ТIэкIу тешIагъэу ащ джыри тхылъым къеджэу ригъэжьэжьыгъ шъэожъыер ыгъэгупсэфыжьыным пае...

ЗэбгъодэкIыжьыхэ зэхъум, дин пащэ хъущтым Мартын цIыкIум къыриIуагъ:

– О уеджэн плъэкIэу ущытыгъэмэ, КъэбарышIур шIухьафтынэу къыостыщтыгъэ.

А гущыIэхэм Мартьын цIыкIум ыгу лъэшэу къагъэбырысырыгъ. БэшIагъэба ар ащ еджэмэ зышIоигъуагъэр ыкIи мыщ дэжьым ар лъэгонджэмышъ-

хьэкIэ етIысэхи, ыIэхэр ошъогум ылъэныкъокIэ ыIэтыхи, Тхьэм елъэIоу ригъэжьагъ:

– О Зиусхьан, ошIэба О еджэкIэ-тхакIэ сэ зэрэсымышIэрэр! Сэ еджакIэм сыфагъэсагъэп, еджапIэм сэ саштэщтэп: иныщэ сыхъугъах. СыолъэIу О, Зиусхьан, еджакIэ-тхакIэм сыфэзыгъэсэн зылъэкIыщт цIыфышIу къысфэбгъэкIонэу. Сыд фэдэу лъэшэу сыфая О къыохьылIагъэр зэкIэ зэзгъэшIэнэу!

Мартын цIыкIу ицыхьэ пытэ телъыгъ Зиусхьаным ежьым илъэIу зэрэзэхихыгъэм ыкIи уахътэ тыримыгъашIэу ар къызэрэфигъэцэкIэщтым. Ау илъэIу къызыфагъэцэкIэщт пIалъэр шъэожъыем ышIэщтыгъэп. Ащ ицыхьэ телъыгъ ныIэп ыкIи джащ пае ыгукIэ гушIуагъо горэ зэхишIэщтыгъэ. „Сэри зы уахътэ горэм Зиусхьанэу Исус Христосым и КъэбарышIу седжэу хъущт. Зэгорэм нэмыIэми седжэщт!“

Мэфэку пчыхьэм Мартын цIыкIу ядэжь къызэкIожьым, къэрэгъулым ишъхьэгъусэ чэтыжъыехэр зэрагъэтIысхьэхэрэ чыматэу фишIыгъэр фихыжьыгъ. Ащ ыдэжь исыгъэхэ нэмыкI бзылъфыгъэхэм къаIуатэщтыгъэ Брецовэ щыщ шъузабэ горэ зэрэлIагъэр. ЗэкIэми агу егъущтыгъэ ащ ишъэожъыеу Яшкэ изакъоу къызэрэнагъэм пае ыкIи ащ къазыхэр ыгъэхъунхэу а бзылъфыгъэхэм ащыщ зэрищэлIэжьын зэрэфаем рыгущыIэщтыгъэх. Армырмэ, шъэожъые цIыкIур сэдэкъэхэдзэу ежьэн фаеу хъущт.

Мартын цIыкIу шъэожъые цIыкIум ыгу егъугъ. Ежьым къехъулIэгъэ шъыпкъэр арыба адрэми къыпыщылъыр: сэдэкъэхэдзэу ежьэнэу е къазыхэр цIыфхэм афигъэхъунэу ыкIи джаущтэу зэгорэм еджапIэм щызэригъэгъотыгъэгъэ шIэныгъэ тIэкIур щыгъупшэжьыпэнэу! „Ари сэщ фэдэ къабзэу емыджэгъэмыгъэсагъэу къэнэщт“, – нэшхъэеу егупшысагъ Мартын цIыкIу.

Яшкэ зэрегупшысэщтыгъэм ащ гупсэф къыри-

тыщтыгъэп. ЫкIи мафэ горэм щыгъын къабзэу иIэр зэкIэ зыщилъи, къуаджэм ипащэ ыдэжь кIуагъэ. А лIым ишъхьэгъусэ щагум дэтыгъ. Мартын цIыкIу зэрелъэгъоу къекууагъ:

– Сыдэу зыбгъэкIэрэкIагъа, Мартын цIыкIу? КъызэрэпщэрэмкIэ макъэ къытэбгъэIунэу укъэкIуагъа тадэжь?

– Хьау, нанэ, къуаджэм ипащэ Iоф дысиIэу ыдэжь сыкъэкIуагъ. Иса ар?

– Сыд фэдэ Iофа о ащ дыуиIэн плъэкIыщтыр? Юра, – еджагъ ар пщэрыхьапIэм ис илIы, – моу къакIо! Мартын цIыкIу къыпфаеу уадэжь къэкIуагъ.

Къуаджэм ипащэ Мартын цIыкIу унэм ригъэблэгъагъ.

– Къеблагъ, Мартын цIыкIу, къэтIыс. Сыд джы къэбар дэгъоу къысфэпIотэщтыр?

– Яшкэ шъузэрэдэзекIощтыр зэзгъашIэмэ сшIоигъоу уадэжь сыкъэкIуагъ.

– Ары Iолъ о узыгъэгумэкIырэр! – ыгъэшIэгъуагъ къуаджэм ипащэ зэхихырэр.

– УнаIэ тебгъэтынэу тэ ар къыоттыщт, – къыдэхьащхызэ, къыриIуагъ ащ шъэожъыем. – АщкIэ о шIу къыфэпшIэжьыщт къуаджэу узыIыгъым.

ЫтхьакIумэ пакIэхэм анэсыжьэу Мартын цIыкIу укIытэм ишIуагъэкIэ плъыжьы къэхъугъ.

– КъэпшIагъ о, татэ, джар сигухэлъэу ары сэ уадэжь сыкъызыкIэкIуагъэр. Яшкэ къысэшъутынэу сыкъыолъэIумэ сшIоигъу. СыолъэIу, сэдэкъэхэдзэу ар хэшъумытIупщыхь е икъазыхэр ыгъэхъунхэу унагъо горэми ешъумыт, ащ сынаIэ тезгъэтынэу сэ пшъэрылъ къысфэшъушI!

Къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ Iофыр зыфэгъэхьыгъэр къызыгурэIом, лъэшэу къэгубжыгъ:

– Шъэожъые дел! IэхъуитIу тIыгъынэу ары ар зыфаер! Олъэгъуа ар зыфэдэр, IэпыIэгъу иIэнэу фэягъ!

– Хьау, сэ сыкъызыкIэлъэIурэр нэмыкI шъыпкъ, – зыкъыухыижьыщтыгъ Мартын цIыкIу. – Сэ ахъщэ тIэкIу зэIузгъэкIагъэ чыматэхэмрэ пхъэнкIыпхъэхэмрэ сшIыхэмэ сщэхэзэ ыкIи джыри къэзгъэхъэнэу сыщэгугъы. ЕтIани сицыхьэ телъ Тхьэм тшхын горэ зэрэтигъэгъотыщтым ыкIи тэ гум тыкъызэрэримынэщтым.

Къуаджэм ипащэрэ ишъхьэгъусэрэ Мартын цIыкIу кIагъэгъожьынэу зэрэпылъыгъэхэм зи къикIыгъэп. ЫпэкIэ къиныгъоу къикIынхэ ылъэкIыщтхэр шъэожъыем къыфаIуатэщтыгъэх, гъаблэм ыгъэлIэщтхэуи раIуагъ, ау сыдэу зызашIи агъэдэIон алъэкIыгъэп. Мартын цIыкIу илъэIу зэблихъугъэп ыкIи ар къыфагъэцэкIэнэу ариIощтыгъ. Шъэожъыем икъаигъагъэ аужыпкъэм къуаджэм ипащэ ыгъэгубжыгъ ыкIи ыпэ рапшIэ дэгъоу зигъэчъыекIынэу къыриIуи, шъэожъыер иунэ къырифыгъ.

Мартын цIыкIу Яшкэ ыдэжь ыщэжьымэ шIоигъоу къызэрэкIэлъэIурэм икъэбар псынкIэу къуаджэм щызэлъашIагъ. Бзылъфыгъэхэм шъэожъыем изекIуакIэ емыкIоу алъытэщтыгъэ, ар шъхьаубатэу аIощтыгъэ ыкIи зэрэуIушыжьыгъэх делагъэр ышъхьэ рагъэкIыным пае нахь макIэу хьалыгъу ащ ратызэ ашIынэу. ЗышIошIыжьыщэ хъугъэ ар!

Ары шъхьаекIэ, ахэмэ ащкIэ зыгорэ къадэхъун алъэкIыныгъа? Мартын цIыкIу нахьыпэрэм фэдэ къабзэу къуаджэм ипащэ ыдэжь кIощтыгъэ ыкIи а зылъэIу закъомкIэ елъэIущтыгъ. Сыдэу хъугъэми, ащ илъэIу къызыфаригъэшIагъ. Яшкэ ащ къыратыгъ.

Мартын цIыкIу а мафэм сыд фэдизэу насыпышIоу зилъытэжьыщтыгъа? Ежьым къыгъэшIагъэм ащ фэдэу насыпышIоу зилъытэжьыгъэп. ХьэдэгъэтIылъым ишъхьэгъусэ ыдэжь кIуи, Мартын цIыкIу ащ курэжъые къыIихыгъ ыкIи ар зыдиIыгъэу Яшкэ лъыкIуагъ. Янэу щымыIэжьым ишъэо цIыкIу мылъкоу

зэкIэ къыфигъэнагъэр: пIэтехъохэр, чIэгъчIэлъ щыгъынхэр зыдэлъ пхъуантэр, чыхIэнышху, пхъэнтIэкIу шъхьакор, Iанэр ыкIи хьэуарзэм хэшIыкIыгъэ пхъэнтIэкIур – зэкIэ ахэр къоджэ хасэм ыщэхи, ахъщэу ахэмэ къакIэкIуагъэр бзылъфыгъэ насыпынчъэу дунаем ехыжьыгъэм игъэтIылъын пэIуагъэхьагъ. Шъыпкъэ, хьадэгъэ ужым джыри гульденипшI къэнэгъагъ, ау къоджэ хасэм рихъухьагъ ар щигъэлъынэу: шъэожъыем зыкъиIэтымэ, ащ иегъэджэнкIэ къашъхьапэжьын.

Унэжъ цIыкIоу охътэ гъэнэфагъэкIэ Яшкэ зэрагъэсыщтыгъэм дэжь бзылъфыгъэхэр къыщызэрэугъоигъэх. Курэжъыер зыдиIыгъэу къэкIогъэ Мартын цIыкIу залъэгъум, ахэмэ ащыщхэр къэзэрэгъэщхыгъэх. Адрэхэм къаIощтыгъ:

– Ей, тхьамыкIэ цIыкIу! НэбгыритIуми зэфэдэ щыIакI яIэ хъугъэр! Адэ сыдэу пшIыщта, арэущтэу хъугъэмэ, насыпынчъагъэмкIэ зэныбджэгъу шъузэфэхъу!

Бзылъфыгъэхэр Мартын цIыкIу къекIолIагъэх ыкIи икурэжъые къыралъхьагъэх Яшкэ ищыгъын чIэгъчIэлъхэр, пIэтехъохэр ыкIи ищыгъын кIыIутелъхэр зыдэлъ пхъонтэжъыер. ПсынкIэу чыхIэнымрэ шъхьэнтэ цIыкIуитIурэ къыфызэкIоцIапхэхи, ахэри а курэжъыем къырагъэкIугъэх. ЕтIанэ ахэмэ афэшъхьафэу нэмыкIырэ унэгъо IапIэхэри къыкъокIыгъэх, шхын горэхэри унэжъ цIыкIум къырагъотагъ: морковк, бжьыны ыкIи къэртоп аIоу – джары Аннэ зэлIэ нэужым зэкIэ къыкIэнығъагъэр.

ШъэожъыитIури курэжъыем кIэуцохи, къоджэ урамым къытехьагъэх.

– Яшкэ, „уитатэ“ ыIорэм ублэмыкIэу едэIу! – аIозэ къадэхьащхыхэу къакIэлъыкуоштыгъэх бзылъфыгъэ ныбжьыкIэхэм ащыщхэр.

Гъогум тетыфэхэкIэ шъэожъыехэм зы гущыIи зэраIуагъэп. ЗычIэсыщтхэ унэжъ цIыкIум къызэсы-

хэр ары ныIэп нэбгыритIур зызэIуплъагъэхэр. Яшкэ фэмыщыIэу къыIуиути къэгъыгъ ыкIи Мартын цIыкIу джащ фэдэ къабзэу ащ дэгъэу къыригъэжьагъ.

– Умыгъ, Яшкэ, – еушъыищтыгъ ащ Мартын цIыкIу, ежьыми ынэпсыхэр къечъыхэзэ. – Зыми ущымыщын, дэгъоу тызэдыщыIэн тлъэкIыщт. ШIу тызэрэлъэгъущт.

Яшкэ игъын зэпигъэужьыгъэ. Шъэожъыехэм курэжъыем илъыгъэхэр къырахыхи, яунэ цIыкIу рахьагъэх. Курэжъыер хьэдэгъэтIылъым ишъхьэгъусэ фащэжьыгъ. Ишъхьэгъусэ римыгъэлъэгъоу лIым хьалыгъу тыкъырышхо шъэожъыехэм къафыгуибзыкIыгъ. Шъхьэгъусэми илIы римыгъэлъэгъоу шхын зэфэшъхьафхэр кIоцIылъхэу хъэдэн зэкIоцIыщыхьагъэ горэ Яшкэ ыблыгу къычIилъхьагъ.

Ядэжь къызэкIожьыхэм, шъэожъыехэм шIоу загъэшхэкIыгъ. Пчыхьэ къэхъущтыгъэ. Мартын цIыкIу пIэр ыгъэхьазырыжьэу ригъэжьагъ. Яшкэ пхъонтэжъыер къызэтырихыгъ. Къоджэ бзылъфыгъэхэм ащ къыдалъхьэгъагъэх пIэтехъо ыкIи Iанэ техъо – янэу щымыIэжьым къыкIэныгъэхэу. Шъэожъыехэм пIэтехъор пIэм рагъэкIугъ, Iанэ техъор Iанэм тырахъуагъ.

– Мыщ тхылъхэр тетлъхьэхэзэ тшIыщт, – ыIуагъ Яшкэ, Iанэм Iапэ къыфишIызэ.

– Хьау, тхылъхэр мо къогъур ары зыдэгъэтIылъыгъэнхэ фаехэр. Ау сэ тхылъ сиIэп, сыдкIэ ахэр сищыкIагъэха сяджэн сымылъэкIырэмэ, – нэшхъэеу къыIуагъ Мартын цIыкIу. – Джащ пае сэ садэжь укъызэкIэсщэжьыгъэри, – ащ пыдзагъэу къыIощтыгъ ащ, – зыгорэм уфэчырэу сэщ фэдэу укъэмынэным пае. СэшIэ джащыгъум еджапIэм щызэбгъэшIагъэри о зэрэпщыгъупшэжьыщтыр. Сэ сыфай, Яшкэ, еджэныр чIэмыдзэу лъыбгъэкIотэнэу. Джащыгъум ор-орэу укъеджэн плъэкIыщт Тхьэм ехьылIагъэу, Тхьэм Ыкъо

тэщ пае зэрэлIагъэм ыкIи Ар джыри тэ тадэжь, чIыгум къызэрэкIощтым яхьылIагъэу.

– Сэ сыкъеджэн сэлъэкIы, – къызыщытхъужьэу къыIуагъ Яшкэ. Лъэшэу ыгъэшIэгъуагъ ащ Мартын цIыкIу фэдэ шъэожъыешхом джы къызынэсыгъэм тхылъым къеджэн зэримылъэкIырэр. – Сянэ къызэсымаджэм дэжь ащ сыкъыфеджэщтыгъ Христосыр псаоу къэунэм къызэрэдэкIыжьыгъагъэм ехьылIагъэу. Тэ тхылъ бэкIае тиIагъ.

Ар къыIозэ, Яшкэ ипхъонтэжъые къызэтырихи, ащ тхылъ зэтепхагъэхэр къыдихыгъэх, ахэр къытIэтагъэх ыкIи Iанэм къытырилъхьэхэу ригъэжьагъ. Ахэмэ ахэлъыгъэх азбукэр, зэреджэнхэ тхылъыр, Библием щыщ къэбархэр зыдэт тхылъыкIэ дэдэр – ар янэу щымыIэжьым нэпэеплъэу къыритыжьыгъагъ. Ащ нэужым шъэожъыем ипхъуантэ джыри къыдихыгъэх дин орэдхэр зыдэт тхылъ Iужъур, тхьэлъэIухэр зыдэт тхылъыр ыкIи ятэжъ къыкIэныгъэу къафэнэжьыгъэгъэ тхылъыжъ дэдэр – шIошъхъуныгъэм ехьылIэгъэ къэбархэр зыдэтыр. Аужыпкъэм шъэожъыем ипхъуантэ къыдихыгъ егугъузэ хъэдэным кIоцIищыхьэгъэгъэ тхылъыр ыкIи зылъэгъурэр зыгъэшIэгъорэ Мартын цIыкIу гуригъаIоу къыриIуагъ:

– Тхьэм игущыIэ тхыгъэ лъапIэхэр – Библиер ары.

– Тхьэм ехьылIагъэу дэтхагъа ащ?

– Иапэрэ тхьапэхэм къащегъэжьагъэу Тхьэр ары ныIэп ар къызытегущыIэрэр. Ащ къыщеIуатэ Тхьэм мэфихым къыкIоцI дунаер зэригъэпсыгъэр; ау Библием щыщ къэбархэр зыдэт тхылъыми джащ фэдэу ащ ехьылIагъэу къыщеIуатэ, сурэт цIыкIухэри ащ кIыгъэгъужьыгъэхэу.

Сурэтэу тхылъым дэтхэм яплъэу шъэожъыехэм рагъэжьагъ. Яшкэ ары пэпчъ имэхьанэ къыIуатэщтыгъ.

– Адэ зэкIэ о къэпIуатэхэрэр еджапIэр ара зыщы-

уагъэшIагъэр? – ыгъэшIагъоу ар кIэлэцIыкIум еупчIыгъ.

– ЕджапIэм бэ тэ щытагъэшIагъэр. СицIыкIугъом сяни бэ къысфиIуатэщтыгъэр, джыры нэмыIэмэ, сэрсэрэу зэкIэми сяджэ.

Яшкэ тхылъым къеджэу ригъэжьагъ, шъэожъыем илъэсий нахь ымыныбжьыгъэми, къызэшIомынэу къеджэн ылъэкIыщтыгъэ.

Мартын цIыкIу къэчэфынчъагъ. Джыры ныIэп ащ къызыгурыIуагъэр зэрэрамыгъэджагъэмкIэ, еджапIэм зэрамыгъэкIуагъэмкIэ ар зыпIужьыгъэхэр зэфэнчъэу зэрэзекIуагъэхэр. „Седжагъэу щытыгъэми, сэри Яшкэ фэдэу сыкъеджэн слъэкIэу сыхъущтгъагъэ, – егупшысэщтыгъэ ар. – Мы тхылъ лъэпIэ иным сэри сэрсэрэу сыкъеджэщтгъагъэ. Сыдэу дэгъуа мы тхылъыр сиунэ зэрилъыр, ары пакIошъ, ащ къысфеджэн зылъэкIын цIыф къызэрэздисыри!“

БэшIагъэу зэресагъэм тетэу Мартын цIыкIу ипаIо щыгъэу ядэжь исыгъ, ау Яшкэ къышIэгъэ тхылъым ыкIышъо тетхагъэм: „Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр“ ыIуи къызэреджагъэм лъыпытэу Мартын цIыкIу ипаIо зыщихыгъэ. Ащ къыщегъэжьагъэу а тхылъыр зэрылъ мы унэм ар щызыщилъагъэп. Арэущтэу ащ зыкIишIыщтыгъэр къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ нахьыжъхэм лъытэныгъэ афишIынэу ар зэригъэсагъэр ары, Библиер армэ Iофыр зыфэгъэхьыгъэр, Тхьэм ылъэныкъокIэ къикIыгъэу щыт а тхылъэу Тхьэм ехьылIагъэу къызыщиIуатэрэм, шъэожъыем ишIошIыкIэ, икъукIэ лъытэныгъэ фэшIыгъэн фае.

Шъэожъыехэр лъэшэу зэфэшIухэу, агу зэфихыгъэу зэдыщыIагъэх. Чэфэу къэбар къязэрэгъэIуатэхэзэ, зым ынэ адырэр кIаплъэзэ, ахэр губгъом къикIыжьыгъэхэу ядэжь къэкIожьыщтыгъэх. Ахэр зылъэгъурэ бзылъфыгъэхэр лъэшэу гушIощтыгъэх. Шъэожъыехэм агу афэгъущтыгъэ.

– Зэдэтэжъугъаштэри, – аIуагъ бзылъфыгъэмэ ащыщхэм, – мы шъэожъыитIумэ нахьыбэу хьалыгъур, хэтэрыкIхэр ыкIи лъэпсыхэр афэтэжъугъэхьых.

– Ащ паекIэ тэ нахь тхьамыкIэ тыхъухэнэп, – къыригъэхъожьыгъ ащ къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ, – ау ащ ишIуагъэкIэ шъэожъыехэр мыхъуми мэлакIэ лIэнхэп.

Бзылъфыгъэхэм аIуагъэри агъэцэкIэжьыгъ!

„ТхьамыкIэ цIыкIухэр“ – джары къуаджэм дэсхэр зэкIэ пIоми хъунэу шъэожъыехэм зэряджэщтыгъэхэр. Ау хэти гуцафэ ышIыщтыгъэп ахэмэ анахь насыпышIо зэкIэ зэрэкъуаджэу пштагъэми зэрэдэмысыгъэм.

Пчэдыжь къэс лъэшэу игуапэу Яшкэ иныбджэгъу цIыкIу къыгъэущыщтыгъэ. ЕтIанэ нэбгыритIури псыхъожъыеу апэмычыжьэу блэчъырэм кIохэти, зыкъыщатхьакIыщтыгъэ. Ащ нэужым ашъхьацхэр ажьыщтыгъэх, зафапэщтыгъэ ыкIи Тхьэм елъэIунхэу тIысыщтыгъэх. Яшкэ ымакъэ Iэтыгъэу къеджэщтыгъ „Тятэ ЛъапI“ зыфиIорэ тхьэлъэIум, Мартын цIыкIу Iушъашъэзэ ащ къыIогъэ гущыIэхэр къыкIиIотыкIыжьыщтыгъэх. ЕтIанэ ахэмэ зэреджэхэрэ тхылъыр, Библием щыщ къэбархэр зыдэт Тхылъыр, чан цIыкIур ыкIи чыпэхэр зэрагъэпытэрэ Iуданэхэр зэкIоцIащыхьэхэти, Мартын цIыкIу Iэхъо сырынэ зыдиштэти, мэфэ IофшIэныр агъэцэкIэнэу ежьыщтыгъэх. Бундаш зэрепхыгъэ пшъэхъур Яшкэ къытIатэщтыгъэ ыкIи Iэхъогъур рафыжьэти, мэзым ылъэныкъокIэ зырагъахьыщтыгъэ.

Iэхъогъур мэзым дэжь къызырафылIэхэрэ нэужым Мартын цIыкIу, Яшкэ ыкIи Бундаш пчэдыжьышхэ ашIынэу тIысыщтыгъэх. Пчэдыжьышхэ нэужым Яшкэ Библием щыщ къэбархэм яджэнэу, етIанэ азбукэм дэт хьарыфхэр зэригъэшIэнхэу Мартын цIыкIу пшъэрылъ фигъэуцущтыгъ. Ежьыр а уахътэм

Iэхъогъум ынаIэ тыригъэтынэу е матэхэмрэ пхъэнкIыпхъэхэмрэ зыхишIыкIыщт чыпэхэр къыриупкIынхэу ежьэщтыгъэ. Яшкэ ыгъэшIагъощтыгъ Мартын цIыкIу псынкIэу еджакIэ зэрэзэригъашIэрэр: Мартын цIыкIу къызыIуинэгъэ чIыпIэм къызигъэзэжьыкIэ, Яшкэ инэрылъэгъу хъущтыгъэ Мартын цIыкIу пшъэрылъэу фашIыгъэр зэригъэцэкIагъэр – хьарыфхэр зыфэдэдэр къыIожьынхэу зэрэзэригъэшIагъэр, ау ащи къыщымыуцоу а хьарыфхэр гущыIэгущыIэу зэхилъхьан ылъэкIэу зызэрэфигъэсагъэр. Загъорэ Мартын цIыкIу мырэущтэу ыIощтыгъэ:

– Сэ ренэу къысшIошIыщтыгъэр еджакIэм зыфэбгъэсэныр Iофыгъо мыпсынкIэу ары, ау джы сэлъэгъу ар зэщтегъэу къодыеу зэрэщытыр. Сыдэу дэгъуа цIыфхэм зэреджэхэрэ тхылъыр къызэраугупшысыгъэр! ЕтIани ахэмэ хьарыф пэпчъ сурэт цIыкIу къыгуашIыхьагъ, арышъ, ахэр угу имыубытэшъуным пае уделэ дэдэн фае. Джы сэ зэгорэм-тIогорэм сурэт цIыкIум сызеплъыкIэ, ащ лъыпытэу хьарыфыр зыфэдэр къызгурэIо! Ары пакIошъ, мы тхылъымкIэ тхэными зыфэбгъэсэн плъэкIыщт! Джыдэдэм есэрэгъажьэри серэплъ шъуIуа...

ЕтIэфыкIэ зытетхэхэрэ пхъэмбгъу упсыгъэ такъыр горэ Яшкэ иIэу къычIэкIыгъ, етIэф такъыри къагъотыгъ. Арыти, ахэр къаштэхи, Яшкэ тхакIэм Мартын цIыкIу фигъасэу ригъэжьагъ.

ЕджакIэрэ тхакIэрэ зэригъашIэу щысызэ Мартын цIыкIу зыкIэхъопсэу бэрэ зэгупшысэу къыхэкIыщтыгъэр кIымафэм ехъулIэу еджакIэ зэригъашIэу, ежь-ежьырэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм яджэн ылъэкIэу хъуныр ары. Ащ фэдэу гупшысэу къызыщыхэкIырэ уахътэм Мартын цIыкIу ынэгу ошъогум фигъазэти, ымакъэ Iэтыгъэу къыIощтыгъэ:

– Зиусхьанэу Исусыр! Сэ сыолъэIущтыгъэ еджакIэ сэзыгъэшIэн зылъэкIыщт цIыф хьалэл къысфэбгъэ-

кIонэу ыкIи О силъэIу къызэхэпхыгъ. Лъэшэу сыпфэраз, си Зиусхьан!

Мафэ горэм Яшкэ матэ зыхишIыкIыщт чыпэхэр къыугъоинхэу кIуагъэу лъэшэу пшъыгъэу къэкIожьыгъагъ. Шъэожъыем цумпэр бэу зыхэт чIыпIэ къыгъотыгъэти, щэхъурэ Iоф пымылъэу ар къыугъоигъагъ. Мартын цIыкIу дэжь къызегъэзэжьым, ятIонэрэ мафэм мэтэ цIыкIур къызыдаштэнышъ, цумпэу къаугъоирэр ащ ралъхьанэу ыкIи мэзпэсым ишъэхьэгъусэ фахьынэу ащ игъоу филъэгъугъ. Мартын цIыкIу ащ къыдыригъэштагъ. Мэзпэсымрэ ишъхьэгъусэрэ Яшкэ янэ дэгъоу ашIэщтыгъэ. Арыти, ятIонэрэ мафэм ахэмэ адэжь Яшкэ къызэкIом, лIымрэ шъузымрэ ащ къеупчIыхэу къыдырагъэжьагъ шъэожъыер джы зыщыпсэурэм, ищыIэкIэ-псэукIэ яхьылIагъэу. Цумпэу афихьыгъэм ыуасэ къыратыгъ ыкIи ащи къыщымыуцухэу мэтэ нэкIым гъомлапхъэ зэфэшъхьафхэр изы къыфашIыгъэх. Ащ фэшъхьафэуи мэзпэсым ишъхьэгъусэ Яшкэ пшъэрылъ къыфишIыгъ бэрэскэжъые ыкIи шэмбэт мафэхэм бэдзэрым лы къыщищэфымэ, ахэмэ къафихьынэу. Ары пэпчъ ащ чапычитф къыратынэу къагъэгугъагъ.

А мафэм къыщегъэжьагъэу Яшкэ къуаджэм къырихыти, зыгорэ мэзпэсым иунагъо къыфимыхьэу къыхэкIыщтыгъэп. Мартын цIыкIу ар почтэм ыгъакIощтыгъэ мэзпэсым тхылъ горэ къыфатхыгъэу къыфагъахьыгъэмэ къыщиуплъэкIунэу. Зэгорэм бзылъфыгъэхэр тхьаусыхэхэу ащ зэхихыгъагъэ къафатхыгъэ тхылъхэр гужъуагъэу ахэмэ къызэраIукIэхэрэм пае. Зы бзылъфыгъэр илIы къыфигъэхьын фэе тхыгъэм ежэшъ щыс, адырэм ыкъо тхылъ къыфигъэхьын фае, ау зауплъэкIукIэ къызэрэчIэкIырэмкIэ, а тхылъэу къафагъэхьыгъэхэр тхьэмэфэ заулэ хъугъэу е почтэм чIэлъых е ахэр къезыхьакIыхэзэ язытыжьынхэ фаем ыдэжь илъых. Джары шъэожъыем

Яшкэ почтэ зыкIигъакIощтыгъэр мэзпэсым къыфатхыгъэ тхылъ чIэлъымэ зэригъэшIэнэу ыкIи къыфихьыжьынэу. Ащ фэдэ Iофым гу зэрэлъитагъэм пае мэзпэсыр шъэожъыем къыщытхъугъ. Бзылъфыгъэхэм а къэбарыр зэрэзэхахэу Яшкэ къелъэIухэу къыдаублагъ ежьхэми къафатхыгъэ чIэлъымэ къафихьыжьынэу. Джы Мартын цIыкIу ежь къылэжьыгъэ хьалыгъур арэп Яшкэ ышхыщтыгъэр, ежь къыгъахъэщтыгъэ нахь. Ежьым Яшкэ дэгъоу къыгъахъэу зэрэхъугъэм ишIуагъэкIэ, ары пакIошъ, кIымафэм къашъхьапэжьынэу ахъщэ тIэкIуи пигъэтIылъыкIэу ригъэжьагъ. Зы бысымгуащэм фашIэрэм пае кIэнкIэ къаритыщтыгъ, адрэм – картоф е морковь, ящэнэрэм – бэлыдж къаритыщтыгъэ. ЗэкIэми анахь гушIуагъоу щытыгъэр мыIэрысэхэмрэ къужъхэмрэ мэзым къыщаугъоинхэ фиты зэрашIыгъэхэр ары, ахэр мыгъэ лъэшэу бэгъогъагъэх. Ежьым атамэ телъэу къахьын алъэкIыщтым фэдиз къаугъоин фиты ашIыгъагъэх. Шъэожъыехэм къуагъоигъэр кIымафэм нэс фэсакъыхэзэ къаухъумагъэх.

Тхьаумэфэ мафэхэм Мартын цIыкIу Iэхъогъур ыгъэхъунэу Яшкэ мэзым зыдищагъэп. Мары ащ шъэожъыем риIощтыгъэр:

– КIо чылысым. КIори, дэгъоу едэIу дин пащэм къыIуатэрэм, нэужым сэ къысфэпIотэжьыным пае!

Тхьаумэфэ мафэхэм ащыщ горэм Мартын цIыкIу нахь кIасэу къэкIожьыгъ. Мэзахэ къэхъущтыгъэ. Ошъогум къыщылъэгъуагъэ мэзэнэгъыф къихьэгъакIэр. Iэхъогъур мэз Iушъо пырыпыцум къыхищыжьыгъэ къодыеу Мартын цIыкIу къышIошIыгъ ыIэхэри ушхугъэу, щэIузэ чIыгум телъ цIыф горэ ылъэгъурэм фэдэу. Шъэожъыер лъэшэу къэщтагъ, ау нахь благъэу а ылъэгъурэм зыкIэлъырэхьэм, ар чъыг ебэджыгъэу щылъыр арэу къычIэкIыгъ; мэзэ къихьэгъакIэм инэфыпсэу ащ къытыридзэрэм чъыгыжъым

ыпкъ сурэт хьалэмэтэу къыгъэнэфыщтыгъ, мэзым жьыбгъэ макIэу къыщепщэщтыгъэм чъыгыхэр зэщихъохэзэ къапигъэIукIырэ макъэр цIыфым ищэIу макъэ фэдэу къыпшIуигъэшIыщтыгъэ. Мартын цIыкIу а чъыгъыжъым ыдэжь къыщыуцугъ ыкIи мырэущтэу егупшысагъ: „Джаущтэу Тхьэм Ыкъо Гефсимание чъыгхатэм дэлъыгъ утынэу рахыгъэхэм апае щэIоу. Ар хьылъэу щэIущтыгъэ ыкIи гъыщтыгъэ, етIанэ ащ ыужым Ежьым ылъыкIэ сэ сипсэкIодшIагъэхэр сфипщыныжьынхэм пае палъэнэу ращэжьэгъагъ“.

Шъэожъыем ыгу лыузым ыфызыгъ. Ядэжь къэсыжьыфэкIэ ар гъыщтыгъэ ыкIи Тхьэм елъэIущтыгъэ: „О Зиусхьан, шIэхэу сэ Уадэжь сыпщэжьышта? Зиусхьанэу Исусыр, сыд фэдэу сэ О услъэгъумэ сшIоигъуа! Сэ Уапашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ сыкъитIысхьаныгъи ыкIи зэкIэ къысфэпшIагъэхэм апае сызэрэпфэразэр осIоныгъи“.

КIымафэр къэсыгъ. Бзылъфыгъэхэм былымхэр Iэщыхэм адагъэзыхьажьыгъагъэх. Iэхъо ныбжьыкIэм ахэмэ щыгъынык Iэхэр фадыгъэх ыкIи дахэу зэрафэпагъэм пае къесэмэркъэухэзэ къыраIощтыгъэ:

– Ей, Мартын цIыкIу, джы о къэпщэн пIоми ухьазыр!

Ау шъэожъыем нэмыкI шъыпкъ ыгу хэлъыгъэр, Яшкэ гъусэ зыфишIи ар еджапIэм кIуагъэ ыкIи анахь цIыкIужъыехэм ягъусэу еджэкIэ-тхакIэ зэригъэшIэным ыуж ихьагъ. Ащ изекIуакIэ къуаджэм щамыгъэшIэгъон алъэкIыгъэп. ЗэкIэри тыди зыщытегущыIэщтыгъэхэр Мартын цIыкIу ары ыкIи шъхьадж ежь зэрэшIошIэу ащ дэхьащхыщтыгъ.

Шъыпкъэ, Мартын цIыкIу ащ лъыпытэу еджапIэм аштагъэп. КIэлэегъаджэм ар ымыштэ шIоигъоу бэрэ зыригъэукIыхьагъ. КIэлэцIыкIухэм ащ дэхьащхыхэу къырагъэжьэным ар тещыныхьэщтыгъэ, ау Мартын

цIыкIу ишIэныгъэхэр зеуплъэкIухэм, кIэлэегъаджэм нафэ къыфэхъугъ ар псынкIэкIаеу къызэреджэрэр ыкIи, ары пакIошъ, тхэкIэ тIэкIу зэришIэрэр, арыти еджапIэм къэкIонэу кIэлэегъаджэм ар фиты ышIыгъ. Бэ темышIэу ар Мартын цIыкIу къыщытхъоу къыригъэжьагъ. Ащ фэдэ гулъытэ иIэу егъашIэми ащ кIэлэеджакIо ригъаджэу къыхэкIыгъэп. Охътэ тIэкIу тешIагъэу кIэлэегъаджэм ежьым нахь пэблагъэу Мартын цIыкIу ыгъэтIысыгъагъ, кIымафэм ыкIэм ехъулIэу дин орэдхэр ыкIи Библием щыщ къэбархэр езбырэу зэзыгъашIэрэ кIэлэеджакIохэм ахигъэтIысхьагъ.

– Мартын цIыкIу фэдэу зэкIэри еджэхэ хъугъагъэмэ, сыдэу сэрыкIэ ар гушIуагъо хъуныгъэя! – бэрэ икIэлэеджакIохэм ариIощтыгъ кIэлэегъаджэм.

Мы илъэсым Мартын цIыкIу ащ фэдизэу игуапэу гъатхэм ежэщтыгъэп, сыда пIомэ гъатхэр къихьэмэ, ар зэрэфаеу еджапIэми чылысими кIон ылъэкIыщтыгъэп. Бжыхьэм, апэрэу ар чылысим къызэкIом, ащыщэу зэплъыщтыр ымышIэу хъугъагъэ. Ар шъэожъыемкIэ мэфэкIошхоу щытыгъ. Шэф остыгъэ цIыкIухэр зэкIэ зэкIагъэнэгъагъэх, органым къыригъаIощтыгъэ ыкIи орэдышъо макъэ гохьыр къэIущтыгъэ. Дин пащэр шIошъхъуныгъэм ехьылIагъэу къэгущыIэщтыгъэ. Арыти, Мартын цIыкIу къышIошIыщтыгъэр чIыгур арымырэу, ошъогум итэу арыгъэ. Ар егупшысэщтыгъэ ыкIи мырэущтэу зэриIожьыщтыгъэ: „Ары шъыпкъ, мыр Тхьэм иунэшху, мыр Тхьэм иун!“

Ащ къыщегъэжьагъэу тхьаумафэ гори блигъэкIыщтыгъэп чылысим мыкIоу. Дин орэдхэр къызэрагъэIорэ шъэожъыехэм ахэхьанкIэ фэягъэп. Ыгу рихыгъэп ащ дин Iофхэр чылысим зыщызэрахьэщтыгъэ уахътэм Iоржъорхэу ахэр чылысим зэрэчIэтыгъэхэр. Мартын цIыкIу нахь икIэсагъэр, чылысим зыкIокIэ, аужырэ пхъэнтIэкIу сатыр шъыпкъэм дэжь щысынэу

арыгъэ. Мыщ щысы зыхъукIэ, хэти ар ыгъэохъущтыгъэп. Дин пащэм къыIорэр зэкIэ мыщ щысэу ащ зэхихын ыкIи ежьыми Зиусхьаным тхьэлъэIу фишIын ылъэкIыщтыгъэ. Хэти ащ пэрыохъу къыфэхъун ылъэкIынэу щытыгъэп дин орэдхэр къаIо зыхъукIэ, ежьыри иамал тегъэпсыкIыгъэу ахэмэ адежъыунымкIэ. Бэ темышIэу дин орэдхэр зыдэт тхылъ цIыкIур ыIыгъэу ежьыми дин орэдхэр къыIоу зыфигъэсэгъагъ. Мыщ дэжьым, Мартын цIыкIу орэдыр къызэрэхедзэу, бзылъфыгъэхэр ащ лъыпытэу шъэожъыем ылъэныкъокIэ къэзэрэгъаплъэщтыгъэх: ащ ымакъэ лъэшэу къабзэу ыкIи гуетныгъэ хэлъэу къэIущтыгъэ. ЗэхапшIэщтыгъэ ащ итхьэлъэIу занкIэу Тхьэм зэрэлъыIэсырэр ыкIи а тхьэлъэIур шъэожъыем ыгу шъыпкъэ къызэрикIырэр.

Гъатхэр къэсыгъ.

МэкъумэщышIэхэр ащ пае гушIощтыгъэх. Былымхэр гъэшхэгъэнхэр ищыкIэгъэжьыгъэп, губгъом ахэмэ ахъун уц къырагъотэщт, армырми мэкъури аухыщтыгъ. Мартын цIыкIу игушIогъуагъ ихъупIэхэмрэ имэзыхэмрэ зэрилъэгъущтхэм пае. Зы Iофыгъу ныIэп ар зыгъэгумэкIыщтыгъэр: хэта Яшкэ лъыплъэщтыр джы? Мартын цIыкIу фэягъэп Яшкэ экзаменхэр етыфэхэкIэ еджапIэм къычIищыжьынэу, ары шъхьаекIэ хэта шъэожъыер зыгъэшхэщтыр? Ежь Мартын цIыкIу мэфэреным губгъом къитын фае. Мафэ горэм, щэджэгъоужмэ адэжь, Мартын цIыкIу иунэжъ цIыкIу ыпашъхьэ щытэу, егупшысэщтыгъ: „ГъэшIэгъоныба Зиусхьаным зэкIэ мылыри осыри зэрэIуихыжьыгъэр! БэшIагъэп мыщ ос зэтырихьагъэхэр зыщылъыгъэхэр, джы мары уцы шхъонтIэ цIыкIухэр къычIэзэрэгъэплъыгъэх; тхьэмэфитIу горэмкIэ узэкIэIэбэжьымэ, шъэожъыехэр лъэрычъэхэм атетхэу къечъэкIыщтыгъэх, джы мары Iэгуао ыкIи фэшъхьаф джэгукIэхэмкIэ къезэрэфэкIых.“ Ащ

дэжьым Мартын цIыкIу къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ къекIолIагъ.

– УлIэхъупхъ, Мартын цIыкIу! – къыриIуагъ ащ шъэожъыем. – КIымафэм илъэхъан о уадэжь Яшкэ дэгъоу щырихыгъ. НэмыкI дунае кIожьыгъэ ащ янэ ощ пае Зиусхьан Тхьэм пфелъэIу. Анахьэу ар мэгушIон фае ыкъо еджапIэм зэрэкIорэм пае. Тэри итхъухьагъ зкзаменхэр къэсыфэхэкIэ ар еджапIэм къычIэтымыгъэкIынэу. Тэ ар дгъэшхэнэу тызэзэгъыгъ. Тхьэмафэм ар сэ садэжь къакIозэ згъэшхэщт, етIанэ шъхьалтесым ишъхьэгъусэ ыдэжь, ащ ыуж мэзпэсым ишъхьэгъусэ ыдэжь ащыIэщт.

Ар зызэхехым, Мартын цIыкIу къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ зэрэфэразэр къызэриIощтыр ымышIэу хъугъагъэ. Яшкэ зэрэфэгумэкIын фэягъэу ыпэ илъыгъэр мыжъо хьылъэм фэдэу ыпшъэ дэзыгъ. А мафэм а шъэожыем нахь насыпышIо дунаем къытебгъотэн умылъэкIынығъэкIи мэхъу.

Блыпэ пчэдыжьым Яшкэ былымхэр къуаджэм дэфыгъэнхэмкIэ Мартын цIыкIу IэпыIэгъу фэхъугъ ыкIи мэзым нэс пIоми хъунэу игъусагъ. ЕтIанэ еджапIэм шъэожъыер чъагъэ. Мартын цIыкIу бэрэ ащ кIэлъыплъагъ. Щэджагъом Яшкэ шхакIо къэкIуагъ. Шъхьалтесым ащ щэджэгъуашхэ ригъэшIыгъ. Яшкэ мэлакIэ лIагъэу щытыгъэти, игуапэу шхагъэ.

Къуаджэм дэс бзылъфыгъэхэм аIуагъэр агъэцэкIэжьыгъ. Экзасенхэр къэсыфэхэкIэ ахэмэ шъэожъыер агъэшхагъ.

– Сыд, Мартын цIыкIу, Яшкэ уимыгъусэмэ, озэща? – аIоти къеупчIыщтыгъэх бзылъфыгъэхэр Мартын цIыкIу.

Ау Мартын цIыкIу зэщынэу уахътэ иIагъэп. Iэхъогъум ащ ренэу ынаIэ тыригъэтын, лъыплъэн фэягъэ, ау такъикъ горэ чIыпIэ исынэу къызыщыфыхэкIырэм, ащ ежьым и КъэбарышIу тхылъыр къыштэти,

еджэным зыритыщтыгъэ. Усэ сатыритIу нахьыбэ еджэн ылъэкIэу къызэрэхэкIыщтыгъэр макIэ. Яшкэ фэдэу ащ еджэныр псынкIэу къыщыхъущтыгъэп, ау зэджагъэм имэхьанэ бэрэ егупшысэщтыгъэ ыкIи мафэ къэс зыгорэ кIэу зэригъашIэщтыгъэ. Зэгорэм тхылъым итэу ар еджагъ Христосыр къакъырым чIэт шхынлъэм къыщыхъугъэу, сыда пIомэ ащ щэхъурэ бгъагъи уни янэ-ятэхэм а уахътэм агъотыгъагъэп. А гущыIэхэр Мартын цIыкIу ыгу куоу итIысхьагъэх. Ащ ыгу къэкIыжьыгъ зы лъэхъанэ горэм, къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ дэжь щыпсэу зэхъум, ежьыри чэмхэм ягъусэу шхынлъэр зычIэт къакъырым щыпсэун фаеу зэрэхъугъагъэр. Арыти, ащ лъэшэу ыгу егъугъ Тхьэм Ыкъо, кушъэм ычIыпIэкIэ къакъыр шхынлъэм дэлъын фаеу хъугъагъэм.

Фэшъхьаф мафэ горэм Мартын цIыкIу тхылъым къырихыгъ Христосым илъэс пшIыкIутIу ыныбжь зэхъум, Назарет дэкIи, Ерусалим дэт Тхьэм иунэшхо зэрэкIогъагъэр, сыда пIомэ Назарет ащ фэдэ унэ дэтыгъэп. Ащ щыIэзэ, зэгорэм ар цIыф купэу къалэм къыщекIокIыхэрэм ахэкIуади, янэ-ятэхэр ащ чэщмэфищым къыкIоцI лъыхъунхэ фаеу хъугъагъэ. Ащ янэ Ар аужыпкъэм Тхьэм иунэшхо къыщигъотыжьыгъэу тхылъым къызырехым, ащ гушIогъошхо къызэрэщыхъугъагъэр. „ЗэкIэми апэу ащ лъыхъущтыгъэхэ янэ-ятэхэр Тхьэм иунэшхо ары зыдэкIон фэягъэхэр, ахэмэ ашIэн фэягъэ Тхьэм иунэшхо фэшъхьафырэ чIыпIэ Ар кIон зэримылъэкIыщтыгъэр,“ – ыгукIэ зэриIожьыщтыгъ Мартын цIыкIу.

Арэущтэу Христосыр Ерусалим зэрэкIогъагъэр шъэожъыем пчъагъэрэ ыгу къэкIыжьыгъ. Къалэм екIузэ, енэгуягъо ар губгъохэр зэпичыщтыгъэхэкIэ ыкIи, шъыпкъэ, губгъо къэгъагъэхэр къыугъоищтыгъэхэкIэ ыкIи мэзыр зэпичы зыхъукIэ, ащ ичъыгхэм ачIэгъ, жьаум зыщигъэпсэфыщтыгъэкIэ!

Мартын цIыкIу ыпашъхьэ итым фэдэу Христосыр къызышIуигъэшIыщтыгъэ Ар Рашовэ къикIэу къэкIорэ гъогум тетэу ылъэгъурэм фэдэу.

Зыгорэм пымылъэу, зыгорэ ымышIэу Мартын цIыкIу зы такъикъ гори къекIущтыгъэп. Загъорэ ащ орэд къыIонэу къыхидзэщтыгъэ, джащыгъум ащ ымэкъэ къэбзэ жъынч иджэрпэджэжь мэзым къыхэIукIыжьыщтыгъэ.

Ащ иорэдыIо макъэ лъэшэу къэIущтыгъэ:

„Сыкъызэхэх сэ, Зиусхьанэу си Тхьэ!“

„Сызыгъэпсэурэр Оры!“

Джэрпэджэжьым а гущыIэхэр ыпхъуатэхэти, губгъохэми къушъхьэхэми ащызэрихьэщтыгъэ, Христосым ахэр нахьышIоу зэхыригъэхыхэмэ шIоигъом фэдэу. Зэгорэм, иорэдкъэIон къызеухы нэужым, Мартын цIыкIу мэкъэ IэтыгъэкIэ къыIуагъ:

– Зиусхьанэу Исус Христосыр! Джы сэ сэшIэ О узыдэщыIэ чIыгум укъызэрэтфехыщтыр, ау сыдигъуа арэущтэу зыхъущтыр – пчыхьэу ара, хьауми пчэдыжьым жьэу ара?

– Пчэдыжьым, – джэрпэджэжьыр мэзым къыхэIукIыгъ.

– Пчэдыжьым, – джыри зэ ар къэIужьыгъ.

Мартын къэщхыпцIыгъ ыкIи джыри Ащ еупчIыгъ:

– О Зиусхьан, О укъэкIонкIэ енэгуягъуа?

– Енэгуягъо, – къыкIиIотыкIыжьыгъ джэрпэджэжьым.

Мыгъэ Мартын цIыкIу ащ нахьыбэкIэ тхьаумэфэ мафэхэм чыматэхэр ышIыжьыщтыгъэхэп. Мары ар зэрегупшысэщтыгъэр: „Iэхъогъур сэ згъэхъунэу сипшъэрылъ. Ар ящыкIагъ къоджэдэсхэми ежь былымхэми; чыматэхэр арымэ, зэрэсшIоигъом теткIэ ахэр сэшIых ныIэп, Зиусхьаным игъоу цIыфхэм къафилъэгъурэп ныIа тхьаумэфэ мафэхэм ежьхэм ашъхьэ

пае Iоф ашIэнэу. Адэ арымэ Iофыр зэрэщытыр, сэ чылысым сыкIон сымылъэкIыщтыми, Тхьэм имэфэкI лъапIэ мыщ, мэзым щызгъэцэкIэн слъэкIыщт“. Джаущтэу тыриубыти, ащ къыщегъэжьагъэу Мартын цIыкIу тхьаумэфэ мафэхэм ежь ианахь щыгъын дэгъухэр зыщилъэхэу къыригъэжьагъ. ХьэдэгъэIылъым ишъхьэгъусэ арэущтэу гъэкIэрэкIагъэу Мартын цIыкIу зелъэгъум, ащ пае къецIацIэу къыдыригъэжьагъ.

– Нанэ, мэзыми непэ щымэфэкIыба! – Мартын цIыкIу пэгъокI бзылъфыгъэм ритыжьыгъ.

– А зыфапIорэм хэлъ щыI, ау мэзым о хэти ущилъэгъущтэп ныIа.

– Зиусхьаным сэ сыкъилъэгъущт, нанэ. Зиусхьаным цIыфхэм игъоу къафилъэгъугъ имэфэкI лъапIэ хагъэунэфыкIынэу. Щыгъын шIойхэр сщыгъхэу Ащ ыпашъхьэ сэ сыкъиуцон слъэкIыщтэп ныIа.

Бзылъфыгъэм ыгукIэ шъэожъыем къыIуагъэм дыригъэштагъ.

Нэужым ащ фэдэ мэфэкIхэм ялъэхъан пэIухъо шIоир пэIухъуагъэу а гущыIэхэр ыгу къызыкIыжьхэкIэ, пэIухъо шIоир зыпэIуихыжьти, къабзэр зыпэIуихъощтыгъ.

Шъхьалтесым ишъхьэгъусэ мафэ горэм лIагъэ. ЛIэным ыпэкIэ ащ къариIожьыгъ цым хэшIыкIыгъэ ишъхьэтехъо Мартын цIыкIу ратыжьынэу. Шъхьэтехъор кIэу щытыгъэп, ау шъэожъыем ыгу рихьыщтыгъ ащ тешIыхьэгъэгъэ сурэтхэр: губгъо фыжьышъом розэхэмрэ нэмыкI къэгъагъэ зэмышъогъухэмрэ итэкъуагъэхэу къыщыкIыхэрэм фэдагъ. Мартын цIыкIу а шъхьэтехъор зыдиштэщтыгъэ Iэхъогъур мэзым ыфын фаеу зыхъукIэ, ар мыжъом тырилъхьэти, ащ ыкIыIу ежьыр заджэщтыгъэ Къэбарышlур къыщызэгуихыщтыгъэ. Чылысым хэт тхьэлъэIупIэм Iанэм фэдэ къабзэу хъущтыгъэ. А

тхьэлъэIупIэ Iанэм кIэлъырысэу ар КъэбарышIум елжэщтыгъэ, Тхьэм елъэIущтыгъэ ыкIи дин орэдхэр къыIощтыгъэх. Джаущтэу ащ тхьаумэфэ пчэдыжь къэс ыгъакIощтыгъ. Щэджагъом Яшкэ ащ ыдэжь къакIощтыгъэ.

Яшкэ экзаменыр ытыгъ ыкIи шъэожъыехэр, нахьыпэм зэрэщытыгъэм фэдэу, зэгъусэхэу псэухэу рагъэжьэжьыгъ. Ахэмэ чыматэхэр зыхашIыкIыщт чыпэхэр зэгъусэхэу къыраупкIыщтыгъэх, етIанэ Мартын цIыкIу чыматэхэр ахэмэ ахишIыкIыщтыгъэ, Яшкэ цумпэхэр е хьаIухэр къыугъоихэти, ыщэнхэу рихьыжьэщтыгъэх. Ащ фэшъхьафэуи чIыгузэгъафэ горэ къызэрелъэIугъэм теткIэ, ащ Iоф ышIэу къыкIухьэ зыхъукIэ, иIэмэ-псымэхэр къыдырихьакIынхэу тхьэмэфитIукIэ ащ Iоф дишIэнэу гъусэ зыфишIыгъагъ.

Яшкэ гульденитIу кIэпсыхэу къыгъэхъагъ. Шъэожъыехэм а ахъщитIур адрэ ахъщэ тIэкIоу зэIуагъэкIагъэхэм ягъусэу агъэтIылъыгъ. Нэужым а ахъщэхэмкIэ Яшкэ паекIэ джэнакIэ ащэфыгъ ыкIи ащ ищазымэжъхэр агъэцэкIэжьынхэу аратыгъэх.

ШъэожъыитIум ягушIогъошхуагъ. Ахэмэ ягушIуагъо ягуапэу адрэхэри адэгушIощтыгъэх. Бундаш Яшкэ ылъакъохэм закъыщихъоу кIэлъырытыгъ, ащ епэмэу, щыгъыныкIэхэр зэрэзыщилъагъэхэм пае ымышIэжьырэм фэдэу. Яшкэ зызэригъэкIэрэкIагъэм пае шъэожъые дэхэ дэдэу плъэгъущтыгъ.

Ау шъэожъыитIум сыдэу зашIыми, ашхыщтым къыщагъакIэзэ, зыгорэхэр зыщалъэгъагъэх нахь мышIэми, аущтэу ежь яунэжъ цIыкIу зыгорэ рашIэныр акIуачIэ къыхьынэу щытыгъэп. Мафэ къэс ар нахьыжъ хъущтыгъэ ыкIи къызэхэоным ищынагъо щыIэ хъугъагъэ. Мафэ горэм шъэожъыехэр мэзэм къэтыхэзэ, унэжъ цIыкIум икIашъо къыкIэзи, етIэ такъырышхо джэхашъом къытефэгъагъ. КъызэкIо-

жьыхэм, ахэр ерагъэу яунэ ихьажьынхэ алъэкIыгъ. Къоджэдэсхэу къафэгумэкIыхэрэм ахэмэ къараIуагъ агъэцIэкIэжьыфэкIэ унэм имылъынхэу, зыгорэкIэ джыри ятIэ кIашъом къефэхэу къатефакъомэ аIуи. Бундаш зэрылъыгъэ къакъырыр чъыяпIэкIэ шъэожъыехэм къыхахыгъ.

Гъэмафэр оялэу хъугъагъэ, ащ Мартын цIыкIу гумэкIыбэ къыфихьыщтыгъэ. Ащ ынаIэ тыригъэтын фэягъэ уаем ыгъэуцIыныгъэ уцы бащэ былымхэм ямыгъэшхыгъэным, ау джащ фэдэуи замыгъэшхэкIэу ахэр ядэжь къымыфыжьынхэм. Ащ фэшъхьафэуи Iэхъогъум хэкIыхэу ренэу къогъупэ горэм къолъадэщтыгъэ мэлабэ мы илъэсым Iэхъогъум хэтэу къычIэкIэзыгъ. Дэгъу Яшкэ хэмыукъоу былымхэм япчъагъэ къылъытэн зэрилъэкIыщтыгъэр, армырмэ мэлыхэм ащыщ мэзым пчъагъэрэ къыханэн алъэкIыщтыгъэ.

Пчыхьэ горэм къоджэдэсхэм Яшкэ Iоф горэмкIэ аIофытэгъагъ ыкIи ащ пае Мартын цIыкIу изакъоу Iэхъогъур пчэдыжьым ыугъоин фаеу хъугъагъэ. Джащыгъум щэгъогогъу мэлыхэм япчъагъэ ащ къылъытэн фаеу хъугъагъэ. Ежьыри къыгурымыIоу а мафэм мэлыхэр ыгъэхъунхэр къин къыщыхъугъагъ. Ахэмэ къалъичъыхьэзэ, ылъакъохэм атетыжьын ымылъэкIэу пшъыгъагъэ, КъэбарышIум щыщэу сатыритIуи еджэн ылъэкIыгъэп. Мыщ дэжьым ащ ыгу къэкIыжьыгъ мыщ ыпэрэ мафэм КъэбарышIум мыщ фэдэ гущыIэхэу къыриджыкIыгъагъэхэр: „ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къызыфэкIуагъэр цIыф кIодыгъэм лъыхъунышъ, мыкIодэу къыгъэнэжьыныр ары“ (Мт.18:11).

„Хэта зылъыхъущтыр – цIыфхэр ара? – зэупчIыжьыщтыгъэ Мартын цIыкIу. – Ар сэ къызгурызгъэIон горэ згъотыгъэемэ!“ Гъогум тетыфэкIэ а гущыIэхэм ямэхьанэ ар егупшысагъ. Мары къуаджэми къэсы-

жьыгъ. Бзылъфыгъэхэр ащ къыпэгъокIыгъэх ячэмыхэр е мэлыхэр ядэжь афыжьынхэу. Шъхьалтесым ишъхьэгъусэ имэл горэ Iэхъогъум хэмытэу къычIэкIыгъ.

– Делэ жэукъ! – губжым зэщифыгъэ бзылъфыгъэр шъэожъыем къытебэнагъ ыкIи ащ къехъонэу къыдиублагъ. – Арара о уишъэожъые зэрэзгъэшхагъэм пае шIоу къысфэпшIэжьыгъэр? Тхьэ закъом ышIэн Iэхъогъум пэтыхэ зыхъукIэ ахэр зыпылъхэр, тэрымэ, зэкIэ къыташIэрэр тщыIэн фае!

Ащи къыщымыуцоу бзылъфыгъэр цIацIэу, хъуанэу бэрэ къытекууагъ. Мартын цIыкIу ышIэщтыр ымышIэжьэу хъугъагъэ бзылъфыгъэм имыхьакъэу къыриIорэм пае. Шъхьалтесым ишъузы игубж ылъэгъункIэ ащ къин къыщыхъущтыгъэ, джащ фэдэуи мэл цIыкIур зэрэкIодыгъэми ыгъэгумэкIыщтыгъэ. Сыда а тхьамыкIэу губгъом изакъоу къинагъэм къыщышIыгъэр?

ЗэкIэм ащ ыгъэчэрэгъужьи, мэзым ылъэныкъокIэ кIиIагъ. Изы хъугъэ мазэр ошъогум къилыдыкIыщтыгъэ ыкIи ынэгу къыфихыгъэу шъэожъыем къыIуплъэщтыгъэ мырэущтэу къыриIощтым фэдэу: „УмыгумэкI, Мартын цIыкIу, сэ IэпыIэгъу сыкъыпфэхъущт!“

Лъэшэу зэрэгумэкIырэм пае Мартын цIыкIу зэхишIэщтыгъэп зэрэпшъыгъэр. ЗэрилъэкIэу чъэзэ, ар псынкIэу нэсыгъ непэ былымхэр зыщигъэхъущтыгъэхэ чIыпIэм. ПкIантIэм зэхигъэшъухьагъэу Мартын цIыкIу бгъэкIэ чIыгум зыридзыхыгъ жьы тIэкIу къызыIуигъэхьаным пае. ЕтIанэ къызыщыхъушъутыжьи, мэл цIыкIум еджэу, лъыхъоу ригъэжьагъ.

– Фыжь цIыкIу, Фыжь цIыкIу, моу къакIо, моу къакIо!

Бэрэ ащ еджагъ, ау джэуап щыIагъэп. ЕтIанэ

ошIэ-дэмышIэу угу зэзыгъэгъурэ мэл Iой макъэ чыжьэкIэ къиIукIэу ытхьакIумэ къыридзагъ.

– Фыжь цIыкIу, Фыжь цIыкIу! – гушIом зэлъиштагъэу къэкууагъ Мартын цIыкIу ыкIи а макъэр къызыдиIукIырэ лъэныкъом, мэз пэнэ куандэхэм апхырычъызэ, мыжъохэм, пхъэтэкъэжъхэм ашъхьапырыпкIызэ ыкIи чъыг лъапсэмэ яутэкIызэ ечъэжьагъ. Къутамэхэм ялъэпаомэ ебэджызэ, иджанэ зэIитхъыгъэ, ылъакъохэр ыуIагъэх, ау Iой макъэр къызыдиIукIырэм нэсыфэ къызэтеуцуагъэп, лъыхъоныр зэпигъэугъэп. Аужыпкъэм Мартын цIыкIу нэсыгъ Iой макъэр къызыдиIукIыщтыгъэ чIыпIэм. Ары шъхьаекIэ сыдэущтэу ежь мэлыр къэбгъотыжьыщта мыщ фэдэ чэщ мэзэхэ шIункIым ухэтэу? Мыщ дэжьым мазэм къыгъэнэфыгъ мэшэ куоу пкъыгъо фыжь горэ зычIэ къищырэр. ЕтIанэ ащ къиIукIэу зэхихыгъэ Iой макъэу инэIуасэр. Ар ежьыр зылъыхъурэ мэл цIыкIоу ыцыхэмкIэ пэнэ куандэхэм ахэнагъэр арыгъэ. Ау ежь-ежьырэу ар машэм къикIыжьын зэримылъэкIыщтыгъэм имызакъоу, ары пакIошъ, къэтэджынэуи амал иIагъэп.

Мыщ дэжьым Мартын цIыкIу ыгу къэкIыжьыгъэх КъэбарышIум щыщ мыщ фэдэ гущыIэхэр: „ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къызфэкIуагъэр цIыф кIодыгъэм лъыхъуныш, мыкIодэу къыгъэнэжьыныр ары“ (Мт.18:11). Джы ащ къыгурыIуагъ а гущыIэхэм къарыкIырэ мэхьанэр зыфэдэр. Ежьыр IэпыIэгъу фэмыхъумэ, мэл цIыкIур хэкIодэн фэягъэ – джащ фэдэ къабзэу хэкIуадэх псэкIодшIагъэ зиIэхэу, шIункIыгъэм хэт цIыфхэр. Бзаджэу ашIагъэм ошъогум ахэр димыгъэкIуаехэу ыIыгъых, пэнэ куандэм къымытIупщэу мэл цIыкIур зэриIыгъым фэдэ къабзэу.

Зиусхьанэу Исусыр къэкIуагъ ыкIи псэкIодшIагъэ зиIэхэм яджэу ригъэжьагъ. КъахэкIыгъэх мэлхэм Ащ иджэмакъэ джэуап езытыжьыгъэхэр, Ащ ахэр

машэм къырилъэшъужьыгъэх ыкIи Ежьым ыдэжь ыхьыгъэх. „Джащ фэдэ къабзэу Ащ сэри сыкъигъотыгъ“, – зэриIожьыгъэ Мартын цIыкIу. Джы шъэожъыем ицыхьэ зытелъыжьыгъ а гущыIэ щэрыохэм ямэхьанэ зыфэдэр тэрэзэу къызэрэгурыIуагъэмкIэ. ТIуакIэм инэпкъы зандэ ехэу ригъэжьагъ Мартын цIыкIу мэл цIыкIур машэм къырихыжьыным пае. Ау зэкIэм ащ къызэхишIагъ мыжъошхоу зытеуцуагъэр къэхъыягъэу.

„Мыжъор машэм ифэмэ, мэлы цIыкIур ыукIын ылъэкIыщт“, – ышъхьэ къилъэдагъ Мартын цIыкIу ыкIи нэпкъы зандэм убытыпIэу къытыригъотагъэм зыпигъэнагъ, ау Iэ джабгъумкIэ ыубытыгъэ мыжъори къэхъыягъ ыкIи ащ къыхэкIэу Мартын цIыкIу ыIэхэр зэкIихыхи, мэлы цIыкIум зэрэтемыфэным ыгъэгумэкIэу егупшысэзэ, машэм ычIэ ефэхыгъ. НэгъэупIэпIэгъу горэм ытхьакIумэхэм мэкъэшхо къарыIукIэу щылъыгъ. ЕтIанэ зэкIэм ынэхэр къэушIункIыгъэх. ЧыжьэкIэ одыджын теомакъэ къыщыIурэм фэдэу къышIошIыщтыгъ ыкIи мыщ дэжьым ащ иакъыл щыуагъ (мэхыгъэ). Машэм ычIэ ар зэрилъыгъэ уахътэр зыфэдизыр ышIэщтыгъэп.

ЗэкIэм ащ къызэхишIагъ фабэ горэ ынэгу къызэрэнэсырэр ыкIи зыми ямыхьыщырэу гур зэзыгъэгъурэ макъэхэр зэхихыгъэх. Ащ къыгурыIуагъ Бундаш къыкIэлъырытэу зэрэбыурэр. Ащ нэужым ытхьакIумэ къыридзагъэх фэшъхьаф макъэхэри. Мартын цIыкIу ерагъэкIэ ынэхэр къызэкIихыгъэх ыкIи зиплъыхьагъ. „Тыдэ сыщыIа сэ?“ – егупшысагъ ар.

Ащ ышъхьагъ итыгъ Бундаш. ЫбгъукIэ пэнэ куандэхэм ахэнагъэу мэлы цIыкIур ахэлъыгъ. Ошъогум итыгъэ жъуагъохэр кIосэжьыщтыгъэх. Нэф къэшъэу ригъэжьэгъагъ, машэм инэпкъ, Мартын цIыкIу ышъхьагъкIэ Яшкэ Iутэу гъыщтыгъэ. Джащыгъум Мартын цIыкIу ыгу къэкIыжьыгъ зэкIэ къехъулIа-

гъэр. „Нэпкъы зандэм сыкъехын сымылъэкIэу сыкъефэхи машэм сифагъ, – ежьым къызыфиIотэжьыщтыгъ шъэожъыем, – ыкIи ащ ыпкъы къикIэу укIыгъэ сыхъугъагъэмэ, Христосым илIакIэ фэдэу сылIагъэу хъущтыгъэ. Ари джащ фэдэу мэлыхэм алъыхъущтыгъэ ыкIи ахэр къыгъотыгъэх, ау ащ ыпкъы къикIыкIэ Ар хэкIодагъ. Сэ джыдэдэм сыкъызэрэнэхъэжьыгъэм фэдэу Ари зэлIэхэ нэужым ящэнэрэ мафэм лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ ыкIи джы сэ мы мэлы цIыкIур къэзгъэнэжьын зэрэслъэкIыщтым фэдэу Ащи Ежьым имэлыхэр ымыгъэкIодыхэу къыгъэнэжьынхэ ылъэкIыщт“.

Мартын цIыкIу кIочIаджэ зэрэхъугъагъэм къыхэкIэу ежьым нахь игуапэу хъуныгъи икIэрыкIэу хэчъыежьыгъагъэмэ, ау Яшкэ зэрэгъыщтыгъэр ары къызэтезыIэжагъэр. Ерагъэу ар къызыщытэджыкIи, мэлы цIыкIур къыIэти, къинышхокIэ машэм къикIыжьыгъ. Яшкэ ащ къыфиIотагъ ежьыр къэмыкIожьэу хэчъыен зэримылъэкIыгъэр ыкIи Бундаш гъусэ зыфишIи лъыхъунхэу ыуж къызэрихьагъэр. Бундаш ары ар къэзыгъотыжьыгъэри.

Мартын цIыкIу ерагъэкIэ къуаджэм къэсыжьыгъ. Ащ ыпэрэ мафэм зыпари ышхыгъагъэп. Мэлэу кIодыгъэм зэрэлъыхъугъэм иаужырэ кIуачIэхэр тыригъэкIодагъэх. Аужыпкъэм, ар нэпкъы зандэм ефэхи, пчэдыжьым нэс уцы цIынэм хэлъыгъ.

Ылъакъохэр ерагъэкIэ зэблихыхэзэ ар ядэжь кIожьыщтыгъ ыкIи мыщ дэжьым зэгупшысэщтыгъэр имэлы цIыкIу къагъотыжьыгъэу зилъэгъукIэ шъхьалтесым ишъхьэгъусэ зэрэгушIощтыр ары. Джары ащ кIуачIэ къезытыщтыгъэри. Ау шъхьалтесым ишъхьэгъусэ мэлым пае къыфэрэзэныр хэгъэкIыри, джыри апэрэм нахьи нахь Iэежьэу шъэожъыем къецIэцIагъ. Ащ гъусэ къыфэхъугъэх адрэ бзылъфыгъэхэри, кIасэу къызэрэкIожьыгъэм пае къыфагъэпытэщты-

гъэ. Зэдырагъаштэзэ, зэкIэ ахэр шъэожъыем къецIацIэщтыгъэх ыкIи ащ къыхэкIэу Мартын цIыкIу нэшхъэй дэдэ хъугъэ. Мэзым къыщегъэжьагъэу ядэжь къэсыжьыфэ гъогур Мартын цIыкIу къинышхо къыщыхъугъагъ, ау ащ нахьи фэдишъэ пчъагъэкIэ нахь къиныгъ джыри пчэдыжьым Iэхъогъур мэзым дэжь фыгъэныр. ХъупIэм зынэсыхэм, Яшкэрэ Бундашрэ былымхэр агъэхъунхэу алъэхини, ежьыр чIыгу хэIэтыкIыгъэм тегъолъхьагъ. Шъхьалтесым ишъхьэгъусэ мыщ дэжьым ащ ынэгу нэшхъэй ылъэгъугъагъэмэ, ащ лъэшэу зэрецIэцIагъэм пае кIэгъожьыныгъи. Джащыгъум ащ риIоныгъэеп Мартын цIыкIу къуаджэм иIыгъын хъугъэу.

Яшкэ пылъыгъ Мартын цIыкIу ымыгъэзэщынэу ыкIи игупшысэ хьылъэхэр тыригъэунхэу. Ау зыми ишIуагъэ къакIощтыгъэп. Мартын цIыкIу кIуачIэ иIэжьыгъэп орэд къыIонэуи, Яшкэ къыIуатэрэм едэIунэуи зэджагъэхэм атегущыIэнэуи.

Джаущтэу мэфищ тешIагъ.

Тхьаумэфэ мафэм ар Яшкэ елъэIугъ хъупIэм игъусэу къыдэкIонэу. Ахэр пэтIысхьагъэх КъэбарышIум еджэнхэу, шэмбэт мафэм сымаджэр зэригъэхъужьыгъэм пае джуртхэм Христосым мыжъокIэ утын рахынэу агу зэрэхэлъыгъэм ехьылIагъэу ащ къыщиIуатэрэм еджагъэх. Мартын цIыкIу хьылъэу хэщэтыкIыгъ ыкIи къыIуагъ:

– О Зиусхьан, цIыфыр хьадэгъум зэрэщыуухъумагъэм пае О уаукIын агу хэлъыгъ. Мэлы цIыкIур къызэрэзгъэнэжьыгъэм пае сэ къысэцIэцIагъэх ныIэп, етIани арэу зэрэщытэи, симыхьакъэу къысаIолIагъэм зэзгъэзэгъын слъэкIырэп. О узыукIын зыгу хэлъыгъэхэм зэрафэбгъэгъугъэм фэдэу сэри шъхьалтесым ишъхьэгъусэ фэсэгъэгъу!

Игукъанэ пае зызегъэгъыкIыхэм, ар нахьыпэм зэрэщытыгъэм фэдэу Iэхъо хъупхъэу хъужьыгъэ.

Джы ар гуфэбэныгъэ хэлъэу Яшкэ дэгущыIэщтыгъэ ыкIи, нахьыпэм зэришIыщтыгъэм фэдэу, аIугушIозэ, блэкIыхэрэм шIуфэс арихыщтыгъэ.

Зы зэхъокIыныгъ ныIэп ащ фэхъугъэр: джы ар чъыгым дэкIоен ылъэкIыщтыгъэп. Бгы зандэхэм къинкIэ адэцохъуаещтыгъэ ыкIи хъупIэм къикIыжьэу ядэжь, къуаджэм къэсыжьыфэкIэ щэгъогогъу зигъэпсэфын фаеу хъущтыгъэ. Ащ зыпари ышхыжьыщтыгъэп пIоми хъущт ыкIи ащ пае къэмынэу ренэу псы ешъомэ шIоигъуагъ. Ынэхэр техьагъу къызэузыгъэм фэдэу лыдыщтыгъэх, егъашIэм тыгъэм хэмыхьагъэм фэдэу ынэгу кIыфыбзэ хъугъагъэ.

Мы илъэсым былымхэр губгъом щыгъэхъугъэнхэр нахь пасэу аухынэу щытыгъ ыкIи ащ пае Яшкэ гушIощтыгъэ.

– Джы Iахъо тымыкIожь зыхъукIэ, нахьыпэм фэдэу тызэгъусэу еджапIэм тызэдэкIощт ыкIи кIэлэегъаджэм сэ укъызгуигъэтIысхьащт, сыда пIомэ о укъыскIэхьажьыгъ, – риIощтыгъэ ащ Мартын цIыкIу.

Джы мары къэсыгъ а мафэу шъэожъыехэм аужырэу Iэхъогъур губгъом зыщыдафыгъэр. Пчыхьэм ядэжь къэкIожьынхэу загъэхьазыры зэхъум, Яшкэ Iэхъогъур къыугъоижьэу ригъэжьагъ. Мартын цIыкIу ыгу къэкIыгъагъэр аужырэ мафэм бгышъхьэм дэкIоенышъ, тIэкIурэ тесынэу ары. Нахьыпэм ащ дэкIуаеу тесыныр шъэожъыем шэны фэхъугъагъ ыкIи ащыгъум ар зэгупшысэщтыгъэр дунаир егъашIэми щыIагъэмэ е щымыIагъэмэ ары, ау зыгорэкIэ ар егъашIэми щымыIагъэу щытмэ, хэта ар зыгъэпсыгъэр? Тыдэ щыпсэура Зиусхьаныр ыкIи цIыфхэр зылIэхэрэ нэужым ахэр тыдэ ыщэжьыхэра?

Ау а пчыхьэм ащ фэдэ упчIэхэр ащ зэритыжьыгъэхэп. Мартын цIыкIу джы мары ышIэщтыгъэр: ошъогум Зиусхьаным ущыфэлажьэ пшIоигъомэ, ащыгъум Ащ чIыгум ущыфэлажьэу ебгъэжьэн фае.

ЗэкIэ ахэр къызэрэригъэшIагъэм пае Зиусхьаным зэрэфэразэр ыгу къыдеIэу риIомэ шъэожъые шIоигъуагъ.

Мартын цIыкIу къэузыуцухьэрэ дунаем хаплъэщтыгъэ ыкIи ар шIогъэшIэгъоныгъ. ДэкIорэ пшъашъэм щыгъырэ джэнэ фыжьыбзэм фэдэу къэлъагъощтыгъэ пщагъом къыхэщырэ къодые кIэир. Тыгъэм чъыгышъхьэхэр къызэлъигъэнэфыщтыгъэх ыкIи Мартын цIыкIу аужырэ зэбэуныр къыфигъэхьыжьыщтыгъэ. Джы гъатхэр къэсыфэкIэ мы чIыпIэхэр ащ ылъэгъущтхэп. Зэфэшъхьаф шъохэмкIэ гъэлэгъэ пкIашъэхэм – гъожьыхэм, плъыжьыхэм, дышъашъохэм – чIыгур зэлъабгъэщтыгъ. Угу зэригъэгъоу мэзыр гурымыщтыгъэ, хьадэр агъэтIылъы зыхъукIэ къыхадзэрэ шъыгъо орэдыр къызыфиIожьырэм фэдэу. ПкIашъэ пэпчъ къаджэщтыгъэ:

– ХъяркIэ, хъяркIэ, Мартын цIыкIу! Тэ ащ щэхъукIэ тызэрэлъэгъужьыщтэп!

Мартын цIыкIу мыщ дэжьым къэгъыгъ. ЗэкIэ дунаеу ыпашъхьэ илъым IаплI рищэкIымэ шIоигъом фэдэу ащ ыIэхэр къызэкIищыгъэх.

– ХъяркIэ, – къыIуагъ ащ ынэпсыхэр къыкIэчъыхэзэ.

Мартын цIыкIу бгышъхьэм къехыжьыгъ ыкIи иIэхъогъу къекIолIэжьыгъ. ИIэхъогъу игъусэу къуаджэм къэкIожьызэ, бэрэ ар къызэплъэкIыжьыгъ.

Шъэожъыехэр ядэжь къэкIожьыгъэх. Къуаджэм ипащэ ишъхьэгъусэ кIалэхэм хьалыгъу бзыгъэ тыкъырышхо зырыз къафыгуибзыкIыгъ, ау Мартын цIыкIу ащ IапэкIи насыгъэп. Ар Яшкэ елъэIугъ Къэбарышlум дэт къэбарэу мыкIодыжьын щыIэныгъэм ехьылIагъэм къыфеджэнэу.

КъэбарышIум зеджэхэ нэужым ахэр джыри Тхьэм елъэIухи, гъолъыжьыгъэх. Мартын цIыкIу къэшъхьаукъагъ. Щагум лъэшэу щычъыIагъ. Аужырэ къэгъа-

гъэхэр нычэпэ чъыIэм ыстынхэкIэ енэгуягъо. Мазэм инурэхэу шъхьаныгъупчъэм къыридзэхэрэм шъэожъыитIоу чъыехэрэр къагъэнэфыщтыгъэх. Мазэм къыбгъодэтхэу ошъогум жъуагъохэр, нэпсыцэ инхэу нэгум къытелъэдагъэхэм афэдэу, къилыдыкIыщтыгъэх.

ЗэкIэм Мартын цIыкIу къэущыгъ. Ар чъыIэшхом зыIэкIиубытэгъагъ. Зы чыхIэн атехъуагъэу шъэожъыехэр зэголъэу щылъыгъэх. Яшкэ чъыем хэтэу къэпскагъ.

„ТхьамыкIэ цIыкIу, ари сэщ фэдэу чъыIэ малIэ, – егупшысагъ Мартын цIыкIу. – ЧыхIэным нэбгыритIуи икъукIэ тигъэфабэрэп, ар цIыкIущэ. Яшкэ изакъоу ар техъуагъэмэ нахьышIу. Сэ чыхIэн стемыхъуагъэми, зыгорэущтэу сыщыIэн“.

Мартын цIыкIу иныбджэгъу цIыкIу чыхIэныр тырихъуагъ. Ежьым изакъоу зиутIыIуи, иджэдыгужъ цIыкIу къызытыриубгъуагъ, ау ащ зыпарэкIи ар къыгъэфабэщтыгъэп. ЧъыIэм ар зэлъиубытыгъагъ; ыцэхэр зэтеощтыгъэх. ЗэкIэ ыпкъышъол зэрэтIыгурыгурэр Мартын цIыкIу зэхишIэщтыгъэ. ЫIэхэмрэ ылъакъохэмрэ къыучъыIыгъэх, ыбгъухэр, ыбгъэ ыкIи ытхыцIэ чъыIэм ыстыщтыгъэх. Сыда ышIэн ылъэкIыщтыгъэр? Сыдэу хъумэ тIэкIу зигъэфэбэн ылъэкIына?

– Зиусхьанэу Исусыр, гум симын, – лъэIуагъэ Мартын цIыкIу. – Сэ сиIофхэр дэи мэхъу.

А гущыIэхэу ыгукIэ къыIохэрэр къэухыгъо имыфэу гуапэ къыщыхъоу ыпкъышъол зэкIэм къэфэбагъ. Плъыр-стырым шъэожъыер зэлъиубытыгъэ. Ащ ынапIэхэр зэтырилъхьэхи хэчъыягъ.

Арэу зыхъугъэр пчыхьэм сыхьатыр пшIыкIузыр арыгъэ. А чэщым пэсакIоу щытыгъэ хьэдэгъэтIылъым сырынэмкIэ макъэ къыгъэIугъ къоджэдэсхэм уахътэр зыфэдизыр аригъэшIэным пае ыкIи тIэкIу

къэчъыенэу ядэжь ежьэжьыгъ. Шъэожъыехэм яунэжъ цIыкIу блэкIызэ, ахэр зэрэчъыехэрэм еплъынэу, бэрэ зэришIыщтыгъэм фэдэу, рихъухьагъ. Ащ ыпэкIи бэрэ ащ фэдэ охътэ кIасэм ар шъэожъыехэм яунэжъ цIыкIу ихьэщтыгъэ ыкIи игуапэу ылъэгъущтыгъэ зы пIэкIор цIыкIум телъхэу шъэожъыехэр пытэу зэрэчъыехэрэр, зызэрафызылIагъэу ыкIи чъыем хэтхэу гушIохэзэ.

Мызэгъогум мазэм къыгъэнэфыщтыгъэ унэжъы кIоцIым хьэдэгъэтIылъым рилъэгъуагъэр ымыгъэшIэгъон ылъэкIыгъэп: Яшкэ изакъоу чыхIэныр техъогъагъ, Мартын цIыкIу ащ пэчыжьэу, изакъоу, иджэдыгужъ цIыкIу теубгъуагъэу щылъыгъ. Шъэожъыер плъыр-стырышхом зэлъиштэгъагъэ, ынэшхохэр ошъогум ит жъуагъохэм афэдэу къэлыдыщтыгъэх.

– Адэ учъыерэба, Мартын цIыкIу? – еупчIыгъ ащ хьэдэгъэтIылъыр. – Сыда непэ мырэущтэу зыкIэпшIыгъэр: чыхIэныр зэкIэ Яшкэ тепхъуагъ, о зыпари птехъуагъэпи?

Шъэожъыер щхыпцIыщтыгъ нахь, джэуап гори къытыжьыщтыгъэп. Ащ нэужым хьэдэгъэтIылъым бэрэ ыгу къэкIыжьыщтыгъэ а чэщым Мартын цIыкIу ынэгу хьалэмэт шIыкIэу зэрэгъэпсыгъагъэр. ХьэдэгъэтIылъым ежьым иджэдыгу зыщихи, Мартын цIыкIу тырихъуагъ.

– Сыда къыпщышIыгъэр, Мартын цIыкIу? Сыда сиупчIэ иджэуап къызыкIемытыжьырэр? ЗыгорэкIэ сымышIэжьэу ара?

– ШIэхэу Ар садэжь къэкIощт, сэ Ащ сежэ, – хэIоржъорыхьэщтыгъэ шъэожъые сымаджэр. – Ар сэ къыслъэкIо. Псым сыхэсэу сэ Ащ ипэгъокIэу сесы ыкIи джыдэдэм сэ зыми сыщцыщцынэрэп.

– Мартын цIыкIу, къэущцыба! Сыда зэхэпIухьэхэрэр?

ХьэдэгъэтIылъым ынэпсыхэр къышIокIуагъэх. Ау Мартын цIыкIу зыпари къыгурыIожьыщтыгъэп.

ХьэдэгъэтIылъыр ишъхьэгъусэ лъычъагъ ыкIи нэбгыритIумэ шъэожъыер ядэжь ахьыгъ. Пчыхьэр кIасэ хъугъагъэ нахь мышIэми, ахэмэ адэжь фэшъхьаф гъунэгъу шъузхэри къэкIогъагъэх. Ахэмэ яунэхэм аблэкIызэ, хьэдэгъэтIылъыр яшъхьаныгъупчъэхэм атеощтыгъ ежьым ыдэжь псынкIэу къэкIонхэу – Мартын цIыкIу зыгорэ къыщышIыгъ.

Шъэожъыем хэти къышIэжьыщтыгъэп ыкIи мытапэкIэ мэзым хэтхэу зэрэгъыщтыгъэм фэдэу ыпашъхьэ итэу лъэшэу гъыщтыгъэ Яшкэ, ары пакIошъ, къеплъыщтыгъэп. Мартын цIыкIу ипIэ кIэлъырыхьанхэ алъэкIыным пае Яшкэ ерагъэкIэ ащ къыкIэралъэшъугъ.

Ежь яамалхэмкIэ агъэхъужьыщтэу аIуи бзылъфыгъэхэр Мартын цIыкIу еIэзэнхэу пылъыгъэх.

– Iазэм тыкъемыджэу тэ ар тфэгъэхъужьыщтэп, – къыIуагъ шъхьалтесым ишъхьэгъусэ.

КъэкIырэ уц Iэзэгъухэм ахэжъукIыгъэу зыгорэм ар рагъэшъуагъ. Шъэожъыем зыкъишIэжьыгъ ыкIи ыпашъхьэ итхэр зэкIэ къыплъыхьагъэх.

– ЗэкIэми шъо, къысфэшъушIагъэхэм апае сышъуфэраз! – мэкъэ хъыбэеу зэпыурэмкIэ къариIуагъ ащ. – Зызакъу сыгу хэкIырэр: Тхьэр зылIэужыгъор сымышIэу сэ дунаем сытетыгъ, шъорымэ, Ащ ехьылIагъэу зыпари къысфэшъуIуатэщтыгъэп... Ащ фэдэу, сэщ фэдэ кIэлэцIыкIухэу Тхьэр зилIэужыгъор амышIэу мы дунаем щыпсэухэрэр тхьапшы хъухэра? Хэти ахэр ригъаджэхэрэп, ыгъасэхэрэп. Шъори джащ фэдэ къабзэу Тхьэр зыфэдэр шъумышIэу шъопсэуба... зэрифашъуашэм тетэу ащ шъуфэмылажьэу... – нэшхъэеу къыIощтыгъэ сымаджэм. – Сэ сызылIэкIэ, псыхъом сызэпырыкIыным пае сипхъэмбай ахъщэ къыдэшъумылъхь... Ежьым, Христосым

пкIэ хэмылъэу сэ сызэпырищыщт... ЫкIи шъукъысщымыщт хьэдэджадэм фэдэу сыкъышъуфакIоу зышъозгъэлъэгъункIэ... ЕгъашIэми сэ мыщ къэзгъэзэжьыщтэп... сыфаекIи сыкъэкIожьыни слъэкIыщтэп... чыжьащэ а сыкъыздикIын фаеу хъущтыр.

Жьы къамыщэжьэу бзылъфыгъэхэр Мартын цIыкIу къыIорэм едэIущтыгъэх. КъэбарышIум зэритхагъэм фэдэу ар гъэшIэгъонэу къызэрэгущыIэрэр ахэмэ агъэшIагъоштыгъэ.

– УмыгумэкI, Мартын цIыкIу, улIэщтэп о! – риIуагъ ащ хьэдэгъэтIылъым, шъэожъыем ыгу къыIэтымэ шIоигъоу. – ШIэхэу о ухъужьыщт ыкIи тиIэхъогъу джыри бгъэхъущт.

– КIэу кIако пфэтыдыщт, – къагъэгугъагъ ар бзылъфыгъэхэм, – джащ фэдэуи Яшкэ тфэпэщт ар уиIэпыIэгъоу хъуным пае.

– КIымафэм тадэжь шъо шъущыIэн шъулъэкIыныгъи, – ыIуагъ шъхьалтесым ишъхьэгъусэ, – гъатхэм шъуиунэ цIыкIу зэтедгъэпсыхьажьын е кIэу шъуфэдгъэпсын.

– Сэщ пае унэ къысфагъэхьазырыгъэх... шъуихьалэлыгъэ пае тхьэшъуегъэпсэу... сышъолъэIу моу тIэкIукIэ сыкъэшъуIэтынэу.

Бзылъфыгъэхэр къыкIаIэхи, сымаджэр нахь лъагэу шъхьантэм тырагъэгъолъхьагъ.

– Джыдэдэм ар хэчъыещт, – ыIуагъ хьэдэгъэтIылъым ишъхьэгъусэ.

Мартын цIыкIу ерагъэкIэ ынэхэр къызэтырихыгъэх. Яшкэ ынэпсыхэр фэмыубытыхэу ащ зыфидзыгъ.

– Умыгъэу зэIун, – еушъыищтыгъ ар иныбджэгъу цIыкIу, ащ ышъхьэ Iэ щифэзэ адрэ ыIэ Бундаш къебзэищтыгъэ. – КъедэIу къыосIощтым: „Сыда пIомэ Тхьэм дунаем ицIыфхэр ащ фэдизэу шIу зэрилъэгъугъэхэм къыхэкIэу, Ежь Ыкъо закъо ытыгъ,

хэти Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр мыкIодэу къэнэжьыным ыкIи мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъуным пае...“ (Ин.3:16), ори а зыфиIуагъэхэм уакъыхеубытэ, Яшкэ!..

Мартын цIыкIу джыри зыгорэ къыIомэ аIозэ, къэзэрэугъоигъэхэр пкIэнчъэу ежагъэх. Лъэшэу жьы къыщи, ащ ыуж ар хэчъыягъ.

– ТыIужъугъэкI мыщ ыдэжь, – къариIуагъ хьэдэгъэтIылъым. – Дэгъу ар зэрэчъыягъэр. Ащ ишIуагъэ екIыщт.

Нэфылъыр къызэкIичэу ригъэжьэгъагъ. ХьэдэгъэтIылъым ишъхьэгъусэ шъэожъые сымаджэм зытырищэягъ.

– Гъунэгъур, – риIуагъ ащ шъхьалтесым ишъхьэгъусэ. – Жьы къыщэжьырэпи мыщ...

Ары, джэрпэджэжьым къыIогъагъэр шъыпкъэ: Христосыр пчэдыжьым Мартын цIыкIу къылъыкIуагъ. Ащ ыпэрэ мафэм сыдми хъугъэ IофкIэ тыгъэм ар аужырэу къыгъэкIотэжьыгъагъэп. Ащ джы егъашIэми а шъэожъыер ылъэгъужьыщтэп!

Илъэс пшIыкIутфыкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Мартын цIыкIу янэ агъэтIылъы зэхъум, ащ ипхъэмбай нэбгырабэ ыуж итэу къэхалъэм зэрэдакIощтыгъэм пае зы бзылъфыгъэ лъэрыхь бай горэ лIагъэу къыпшIошIыщтыгъэ. Ау ащ нахьи нахьыбагъ Мартын цIыкIу ипхъэмбай ыуж итыгъэр. Рашовэ дэсыгъэ горэми ащ фэдэу хьадэ агъэIылъыгъэу ыгу къэкIыжьырэп. ЗэкIэ пшъашъэхэм дахэу зафапи, къэгъагъэхэмкIэ загъэкIэрэкIагъ. КIалэхэм пхъэмбаир ахьыщтыгъ. КIэлэегъаджэр япащэу еджапIэм чIэсхэр пхъэмбаим ыуж итхэу кIощтыгъэх. Мартын цIыкIу хэти фэмыдэу еджапIэм шъхьэкIэфэшхо фишIыщтыгъэ. ИщыIэныгъэкIэ къылэжьыгъэ шъхьэкIафэр ащ фэшIэжьыгъэн фэягъэ. Яшкэ шъхьапцIэу иныбджэгъу ихьадэ къэхалъэм нэс дэкIотагъ. Къэгъэгъэ блэр дахэ лIа-

гъэм икъэ тыралъхьагъ. Адрэ къэгъэгъэ блэрыр лентэхэмкIэ къащым пашIагъ. Янэ икъэ ыбгъукIэ Мартын цIыкIу ихьадэ щагъэтIылъыгъ. Бэным ятIэр дитакъо зэхъум хьэдэгъэтIылъыр зэрэгъыщтыгъэм фэдэу егъашIэми къыхэкIыгъэп.

– ЧIыгоу къыптетхъуагъэр кушъэ фабэм фэдэу Тхьэм къыпфешI! – ыIуагъ ащ, игъын зэпимыгъэоу.

Джыри гъатхэр къэкIощт. ХъупIэхэмрэ мэзыхэмрэ къызэлъыушхъонтIыщтых ыкIи иIэхъогъу игъусэу Мартын цIыкIу къэкIоным ахэр къежэщтых. Ау пкIэнчъ ахэр къызэрежэщтхэр, егъашIэми мыщ ар къэкIощтэп. Дунаем щыпсэузэ зыкIэхъопсыщтыгъэ чIыпIэ чыжьэм ар кIожьыгъэ. Тхьэр ащ къыгъотыгъ, Ежь Тхьэми Мартын цIыкIу къыгъотыгъ.

КРИСТИНЭ РОЙ

# Тхьэнчъэу дунаим